O`ZBEKİSTAN RESPULİKASI XALIQ
BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK
PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» kafedrası

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları»
qa`niygeliginin` 4-«a» kurs talabası

**Sayıpnazarov Salamat O`tesin ulı**

# «Bazar ekonomikası jag`dayında ma`mlekettin` ekonomikalıq siyasatı ha`m wazıypaları» temasında

# PİTKERİW QA`NİYGELİK JUMISI

**İlimiy basshı**: **e.i.k. Torebaev O.**

**Kafedra baslıg`ı:** **p.i.k. Gaipova R.**

**No`kis – 2014**

## Mazmunı

Kirisiw. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3 - 6

**I-Bap. O`tiw da`wiri ekonomikasındag`ı makroekonomikalıq siyasat**

1.1. Fiksal siyasatının` ma`nisi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7 - 9

1.2. Monetar siyasat. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10

1.3. Ashıq bazardag`ı operatsiyalar. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11 - 12

1.4. Esap stavkasının` siyasatı. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12 - 13

1.5. Valyuta kursı tarawındag`ı tuwraqlastırıw siyasatı. . . . . . . . . . . . . . . 14 - 15

**II-Bap. Bazar ekonomikasın ta`rtipke salıw ha`m onı retlestiriwde ma`mlekettin` ekonomikalıq siyasatı**

2.1. Ma`mlekettin` bazar ekonomikasının` rawajlanıwına aralasıw za`ru`rligi. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16 - 17

2.2. Ma`mlekettin` ekonomikalıq funktsiyaları. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17 - 18

2.3. Ekonomikanı ma`mleket ta`repinen ta`rtipke salıw quralları. . . . . . 18 - 21

2.4. Da`rmatlardı sotsiallıq qızıg`ıwlardı itibarg`a alg`an halda qayta bo`listiriw. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .21 - 22

2.5. Resurslardı qayta bo`listiriw ha`m tuwraqlastırıw siyasatı. . . . . . . . 22 - 23

**III-BAP. Bazar ekonomikasın ta`rtipke salıw ha`m onı retlestiriwde ma`mlekettin` ekonomikalıq siyasatın oqıtıw usılları**

3.1.Ekonomikanı retlestiriwdin` ma`nisi ha`m za`ru`rligi. . . . . . . . . . . .24 - 26

3.2. Bazar ekonomikasın retlestiriwdin` teoriyalıq tiykarları. . . . . . . . . 26 - 27

3.3. Ha`zirgi bazar ekonomikası jag`dayında ma`mlekettin` roli ha`m wazıypaları. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28 - 30

3.4. İsbilermenlik xızmeti tu`sinigi, onın` wazıypaları ha`m rawajlanıw sha`rt – sharayatları. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30 - 34

3.5. İsbilermenlik xızmetinin` sha`rtleri. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .34 - 40

3.6. Ma`mlekettin` ekonomikalıq wazıypalar temasın orta mekteplerde oqıtıw usılları. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40 - 44

Juwmaq ha`m usınıslar. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45 - 47

Paydalanıwg`a usınıs etiletug`ın a`debiyatlar. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48

## Kirisiw

**Pitkeriw qaniygelik jumıstın` aktuallıg`ı ha`m predmeti.**

Mu`lkshiliktin` tu`rli ko`rinislerine tiykarlang`an ba`sekili bazar ekonomikasına o`tiw sharayatında xojalıq birlikleri (ka`rxana, firma) shen`berinde islep shıg`arıwdı payda qılıw ha`m basqarıw tu`rli ko`rinis ha`m usıllarda a`melge asırıladı.

Olardın` ishinde isbilermenlik xızmeti ayırıqsha orın tutıp, bul xızmet sebepli mu`lkshiliktin` tu`rli ko`rinisleri ekonomikalıq ta`repten a`melde ha`reketke keltiriledi ha`mde o`z iyesine da`ramat keltiredi.

Bazar qatnasıqlarına tiykarlanan ekonomikada isbilermenlik ha`reketi ekonomikalıq resurs esaplanıp, insan faktorının` quramlıq bo`limin payda etedi. İsbilermenlik xızmetinin` mazmunı, maqseti ha`m bazar ekonomikasına o`tiw sharayatında a`mel qılatug`ın ko`rinislerdi tolıq bayan etiw, isbilermenlik kapitalının` mazmunın ha`m onın` ha`reket ko`rinisler kelip shıg`atug`ın protsessler ha`m onın` ko`rsetip bolıwın, sonday-aq, kapitaldın` aylanıw tezligi ha`m onnan paydalanıw na`tiyjeliligin asırıw ma`selelerin jaratıw tiykarg`ı wazıypası bolıp esaplanadı.

Mikroekonomika o`zinin ob`ekti retinde u`y xojalıg`ı, firma ha`m t.b. qarap, olardın` talapqa sykes o`ndiris ko`lemin ko`beytiu ushın sheklengen resurslardan ntiyjeli paydalanıw, islep shıg`arılg`an o`nimlerdi, xızmetlerdi bo`listiriw usılların anıqlaydı. Bunın` juwmaqları ha`r bir ekonomikalıq adam, kommersant hm biznesmenler ushın paydalı.

Makroekonomika putin ekonomikalıq sistemanın` xızmetin u`yrenedi (milliy da`ramat, onın dinamikası, pul sisteması, inflyatsiya, miynet bazarı, xalıqtı sotsialıq qorg`aw ha`m t.b) ha`m onı to`mendegidey to`rt bo`limge bo`liw mumkin.

1.Tutınıw teoriyasın analizlew:

- bunda tutınıwshının` talabı, baha ha`m da`ramatlardın` o`zgerisine reaktsiyası;
- ten`salmaqlılıg`ı;
- artıqmashılıg`ı ha`m t.b. u`yreniledi;

2.O`ndiris teoriyasın analizlew:

- bolimde krxanalarda bolıp atırg`an ekonomikalıq protsessler;
- shıg`ınlar;
- firmalardın` ten` salmaqlılıg`ı;
- o`nim ha`m da`ramatlar
- payda ha`m t.b.) u`yreniledi.

3.Tovar hm xızmetler bazarının` du`zilisin analizlew:

- bazar strukturasının` o`zgerisi waqtında konkret situatsiyalardı anıqlaw;
- konkurentsiya shrayatında firmalardın` hreketin u`yreniw h.t.b.

4. Ja`miyetlik turmıs jag`dayların, baylıq ha`m da`ramatlardı bo`listiriwdegi haqıyqatlıq ha`m ten`lik, ma`mlekettin` ekonomikadag`ı roli h.t.b. u`yreniw. Mikroekonomikada da`ramat keltiretug`ın miynet, o`ndirislik dep esaplanadı ha`m bul ilim sheklengen resurslar ja`rdeminde o`zinin` talabın qanaatlandırıwg`a ha`reket etetug`ın ekonomikalıq sub`ektlerdin` minez qulqı, ha`reketin predmet retinde qarap, al olardın` talabın izertlewdin` dslepki punkti dep, talaptı o`ndiris xızmetinin` zru`rligin belgilewshi ku`sh dep esaplaydı.

Mikroekonomikada **baha - tovar** ha`m xızmetlerdin` shekli paydalılıg`ın an`latadı ha`m solar arqalı belgilenedi, ekinshi trepten ol tovardı ha`m xızmetlerdi pulg`a almastırıw norması, sonın` menen birge tovarlar dep - zatlar, xızmetler ha`m almastırıw quralı bolg`an puldı tusinemiz.

Bazardın` tiykarın talap, usınıs, baha elementlerinin` o`z - ara ha`reketti qurap, bahanı talap ha`m usınıstın` mug`darları belgileydi. **Bazar degenimiz - erkin tu`rde almaslaw ja`rdeminde tovarlardı bo`listiriwdin` ja`miyetlik mexanizmi yamasa o`z - ara ha`reketi tovarlardı erkin tu`rde almaslawg`a alıp keletug`ın qarıydarlar ha`m satıwshılar toplamı**.

Bazarlar konkurent ha`m konkurent emes bolıp bo`linedi. Jetilisken konkurentsiyalı bazarlarda ko`p sandag`ı qarıydar ha`m satıwshılar bolıp bir qarıydar yamasa satıwshı bahanın` o`zgerisine ta`sir ete almaydı. Al kerisinshe, bir neshe satıwshılar qatnassa bazar konkurent emes bolıp ha`r bir firma bahag`a ta`ir jasawı mumkin. Bazar ekonomikasında bahanın` du`zilisine tovarlardı islep

shıg`arıwda qolanılatug`ın o`ndirislik faktorlardın` tu`rleri, bahaları, bazar struk-turası, salıqlar, jumıssızlıq, siyasiy jag`daylar h.t.b. ta`sir jasaydı. Sonın` menen birge krxanalar o`nimlerin qanday bahada satıwı, qanday tovarlar islep shıg`arıwı, olardın` mug`darın belgilew, qay jerde satıw kerekligi erkin hm olar nızam, kontrakt, kelisimlerdi qatan` saqlawı tiyis. Ma`mleket to`mendegi funktsiyalardı orınlaydı:

- az qa`rejetlilerdi sotsiallıq qorg`aw;
- ekologiyalıq mashqalalardı sheshiw;
- iri ilimiy-texnikalıq bag`darlamalardı finanslıq tmiyinlew;
- bazarlıq emes sektorlarg`a ja`rdem beriw;
- pul sistemasın basqarıw;
- qorg`anıw;
- nızamlar islep shıg`arıw ha`m orınlanıwın qadag`alaw h.t.b.

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` tiykarg`ı maqset** – ekonomikalıq sub`ekt-lerdin` bazardag`ı is - ha`reketi ha`m islep shıg`arıw resurslarınan aqılg`a muwapıq paydalanıw ha`mde firma paydasın maksimallastırıwshı islep shıg`arıw ko`lemin tan`lawda ma`mlekettin` roli ha`m tutqan ornı boyınsha teoriyalıq ha`m a`meliy tu`siniklerdi payda qılıwdan ibarat bolıp esaplanadı.

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` tiykarg`ı wazıypaları** bar:

- bazar ekonomikası nızamlar ha`m bazar sub`ektlerinin` ha`r - qıylı bazar du`zilis;
- bazardag`ı talap ha`m usınıs tuwrısındag`ı statistikalıq mag`lıwmatlar tiykarında bazardı analiz qılıw ha`m juwmaqlar shıg`arıw;
- ma`mlekettin` bazar ekonomikasına aralasıwı aqıbetlerin analiz qılıw tiykarında juwmaqlar shıg`arıw;
- tutınıwshının` bazardag`ı is - ha`reketi ha`m islep shıg`arıwshı firmalardın` ekonomikalıq resurslardan aqılg`a muwapıq paydalanıw jolların;
- bazar ten`salmaqlılıg`ının` o`zgeriwi ha`m og`an ta`sir qılıwshı faktorlardı anıqlap alıw;

- elastiklik teoriyasının` a`melde qollanıwını ha`m salıq ju`ginin` bo`listiriliwin analiz qılıw;
- bazar sharayatında o`zgeriwshi aqıbetlerin prognoz qılıw ha`m bahalaw.

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` ob`ekti bolıp** - ma`mlekettin` bazar ekonomikası jag`dayında ma`mleket ekonomikasına aralasıwı haqqında temanı mekteplerde, ka`sip - o`ner kolledjlerinde oqıtıw usıllarınan birin u`lgi iretinde usınıs etiwden ibarat.

Pitkeriw qa`niygelik jumıs ja`mi 48 betten ibarat bolıp kirisiw, 3 baptan, juwmaq ha`m usınıslar ha`m paydalanıwg`a usınıs etiletug`ın a`debiyatlardan turadı

## Bap-I. O`tiw da`wiri ekonomikasındag`ı makroekonomikalıq siyasat

### 1.1. Fiksal siyasatının` ma`nisi

Aldın aytıp o`tkenimizdey makroekonomikalıq siyasattın` tiykarg`ı bag`darı salıq - byudjet, pul - kredit, sırtqı ekonomikalıq siyasat, da`ramatlar siyasatı bolıp tabıladı.

1930–shı jıllardan baslap makroekonomikanın` traditsion siyasatına aynalg`an bul, Fiksal siyasatı esaplanadı, ol o`z ishine salıq, ma`mleketlik shıg`ınlar ha`m kompaniyalarg`a, individlerge qurallardın` beriliwi tarawlarındag`ı ma`mlekettin` barlıq ila`jların qamtıydı.

Keynstin` dawamshılarının` ko`zqarasınan Fiskal siyasat talap toplamın retlestiriwdin` quralı bolıp tabıladı.

Pul - kredit siyasatı o`z ishine ya protsent stavkasının` da`rejesine, yaki kredit ha`m puldın` tu`simliligi ha`m mug`darına ta`sir etetug`ın Oraylıq banktin` barlıq aspektlerin qamtıydı. Monetar siyasat talap da`rejesine de u`lken ta`sir ko`rsetedi. Sonın` menen birge, Fiskal ha`m Monetar siyasatı usınıs toplamının` dinamikasına belgili bir ta`sir ko`rsetetug`ının aytıp o`tiwimiz kerek. Sırtqı sawda tarawın ma`mleket ornatılg`an tarifler, bajıxana to`lemi ha`m kvotası, sonın` menen birge valyutanın` almastırıw kursı arqalı retlestirip otıradı.

**Fiscal** – g`a`zine degen ma`nisti bildirip, bunnan Fiskal siyasatı- ma`mleket-lik shıg`ınlar ha`m da`ramatlar siyasatı kelip shıqqan. O`tiw ekonomikasındag`ı ma`mleket bazar sisteması effektiv funktsiyalastırıwg`a uqıplı ja`miyetlik atmosfera ha`m huqıqlıq bazanı ta`miynlew ma`selesin sheshedi, bunnan ba`seke de saqlanıp qalıwı tiyis.

Bul ma`selelerdin` sheshiliwinde to`mendegi ma`mleketlik funktsiyalardın` a`hmiyeti zor:

- baylıq ha`m daramattın` qayta bo`listiriliwi;
- milliy o`nim strukturasın o`zgertiw maqsetinde resurslardın` bo`listiriliwin korrektirovkalaw;

- ekonomikanın` turaqlılıg`ı, yag`nıy, bazar kon`yukturasının` terbeliwi, sonday-aq ekonomikalıq o`siwdi stimullastırıw na`tiyjesinde payda bolatua`n inflyatsiya ha`m ba`ntlikti qadag`alaw bolıp tabıladı.

Ma`mleket bul funktsiyanı a`melge asırıw ushın puldı qaydan aladı degen soraw payda boladı. Pullar  to`mendegi 3 derekten kelip tu`sedi:

1. Salıqlar;

2. Zaemlar, bul protsent keltiretug`ın g`a`zine minnetlemeleri foromasında boladı;

3. Qag`az ha`m tiyin pullardın` emissiyası, bunnan onın` iyelerine protsent tu`speydi, ma`mleket minnetlerge g`a`rezli bola otırıp, salıqtın` ha`m zaemnın` joqarı da`rejesine isenedi ha`m de olar alıng`an salıqlar ha`m o`zinin` shıg`ınlarının` da`rejesin joqarılatıw yamasa to`menletiw mu`mkinshiligine iye.

Ma`mleketlik shıg`ınlar siyasatı bul ma`mleket ta`repinen ekonomikanı iretlestiriwdin` usıllarının` biri.

Eger ekonomikalıq sistema ten`salmaqlıq jag`dayda bolsa, ma`mleketlik satıp alıwlardın` ko`leminin` qısqarıwı o`ndiriwshilerde tovar – material zapaslarının` jobadan tısqarı ko`beyiwine alıp keledi. Usıg`an baylanıslı firmalar o`ndiris ko`lemin qısqartadı, yamasa bahanı arzanlatadı yaki basqa da ilajlardı ko`redi. Bul o`z gezeginde milliy islep shıg`arıwdın` ko`leminin` qısqarıwına alıp keledi. Bul jag`dayda firma o`ndiris ko`lemin ken`eytedi, yamasa bahanı joqarılatadı. Solay etip, real ma`nisindegidey nominal ma`ni-sinde de milliy islep shıg`arıwdın` o`siwi ta`miynlenedi.

Demek, milliy o`nim da`rejesin talap toplamının` o`siwin qısqarta otırıp yamasa stimullastırıp retlestiredi degen so`z. Salıqlar ma`mleketke ekonomikag`a ta`sir etiwdin` ekinshi insturmentin beredi. Salıq stavkalarının` joqarılawı menen u`y xojalıg`ının` iyeliginde qalatug`ın bo`legi azayadı. Bunnan tutınıwda qısqaradı, demek jobalastırılmag`an tovar - material zapaslarırının` toplanıwının` sebebi bolg`an talap topla-mının` qısqarıwına alıp keledi. Firmanın` reaktsiyası bolsa, joqarıda ko`rsetilgen salıq stavkalarının` to`menlewi qarama - qarsılıqlı na`tiyje ko`rsetedi.

O`tiw ekonomikasında ma`mleketlik funktsiyanın` a`hmiyetli ta`repi sonnan ibarat bolıp ekonomikanı retlestiriwden, yag`nıy bazar ekonomikasın ta`miyinlew ha`m tolıq ba`ntlikke erisiw, baha da`rejesin turaqlastı-rıwdan ibarat boladı. Keynstin` pikirinshe ekonomika real shıg`ınlar jobalastırılg`an shıg`ınlarg`a ten` bolg`an waqıtta ten`salmaqlılıqta boladı. Fiskal siyasatı ekonomikanın` turaq-lasıwına tek ma`mleket basshıları ekonomika tendentsiyaların qadag`alap, keleshekte rawajlanıwın ko`re alg`anlıqtan, og`an sa`ykes «**diskretlik fiskal siyasatın**» ju`rgizgennen g`ana erise aladı degen pikir bolmaw ushın to`mendegi-lerdi atap ko`rsetemiz:

- Zamanagoy fiskal siyasatı o`z ishine avtomat turaqlastırıw elementlerinin` a`hmiyetlilerin qamtıydı. Olarg`a to`mendegi faktorlar kiredi.

**Salıq tu`siminin` avtomat o`zgerisi**. Progressiv salıq sisteması jeke daramatlar ha`m korporatsiya daramatlarına g`a`rezli boladı ha`m de olar qanshelli to`menlegen sayın salıqlardın` kelip tu`siwi de to`menleydi. Da`ramatlar ko`beyse salıqlar da ko`beyedi. Salıqlardın` zamanagoy salıq sisteması tez ha`m quwatlı faktor ekonomikalıq tsikldi jumsartıwshı esaplanadı.

Bunnan basqa avtomat turaqlastırıwshıg`a jumıssızlıq napaqası ha`m basqa da sotsiallıq to`lemler, fermerlerge ja`rdem programması, korporatsiya ha`m jeke amanatlar kiredi. Avtomat turaqlastırıwshının` funk-tsiyalasıw shegerası olardın` ha`reketinin` mexanizmi jetkiliksiz ekenligi anıqlanadı.

Diskretsion fiskal siyasatının` tiykarg`ı quralları to`mendegiler:

- ma`mleketlik shıg`ınlar menen baylanıslı programmalardın` o`zgerisi;
- «**transfert**» tipindegi shıg`ınlar programması;
- salıq da`rejesinin` o`zgeriwi.

## 1.2. Monetar siyasatı

Pul – kredit siyasatının` tiykarg`ı maqseti, ekonomikanı bir pu`tin turaqlastırıw bolıp esaplanadı. Pul – kredit siyasatı qulaw da`wirinde pul usınısının`, shıg`ınlardı ken`eytiw ushın inflyatsiya da`wirindegi ko`beyiwine, kerisinshe shıg`ınlardın` shegeralanıwı ushın pul usınısının` da shekleniwine alıp keledi. Siyasattı tuwraqlastırıwlın` quralları bolıp, pul usınısının` u`y xojalıq-larının` biznesi ta`repinen retlestiriliwi esaplanadı. Oraylıq bank ta`repinen pul massasın retlestiriw quralı bolıp to`mendegiler esaplanadı:

- ashıq bazardag`ı, yag`nıy g`a`ziynelik qag`azlardın` ekilemshi bazarındag`ı operatsiyalar;
- esabat stavkası, yag`nıy Oraylıq bankte kommertsiyalıq banklerdin` zaem prtsentlerin retlestiriw siyasvatı;
- normativli rezervlerdin` o`zgeriwi.

Ayırım jag`daylarda **Federal rezerv sisteması** «**FRS**» ekinshi da`rejeli instrumentlerdin` to`mendegi 4 tu`rin qollanıladı:

- «mag`lıwmatlastırıwdan» paydalanıw;
- aktsiya satıp alıwda kreditti sheklew;
- tez mu`ddetke satıw boyınsha kreditti qadag`alaw ha`m basqa da tutınıw kreditin baqlaw;
- u`y qurılısına do`retilgen sha`rtlerdin` orınlanıwın qadag`alaw.

Ha`zirgi ku`nde en` a`hmiyetli instrument bolıp, ashıq bazardag`ı operatsiyalar esaplanadı.

## 1.3. Ashıq bazardag`ı operatsiyalar

Ekonomikada artıqmash pul massasının` osiwi bayqalg`annan son` Oraylıq bank onı sheklemekshi boladı. Oraylıq bank ashıq bazardag`ı ag`ımdag`ı basqarıwshı operatsiyalarg`a qayta satıp alıw sha`rtlerine kelisken jag`dayda ag`ırg`ı satıp alıw formasındag`ı qımbat bahalı qag`azlardın` satılıwın sho`kem-lestiriwge biylik beredi.

Qayta saptıp alıw sha`rtinin` kelisimi bolıp qımbat bahalı qag`azlardı satıw boyınsha **dillerdin` sha`rtna`ması** esaplanadı. Sonlıqtan da, bul operatsiya tu`ri bank rezervinin` shamasına waqırsha ta`sir ko`rsetedi. «**Qayta satıp alıw**» sha`rti orınlanıwı menen rezerv shaması o`zinin` da`slepki shıqqan da`rejesine qaytadı. Ashıq bazardıg`ı operatsiyalar, a`dette, dillerler ta`repinen g`a`ziyne veksel`lerinin` satılıwı arqalı a`melge asırıladı. Dilerler ma`mleketlik obligatsiyalar boyınsha olardın` iyelerinin` atların ashıp bermeydi. Biraqta, tiykarınan bul qamsızlandırıw, iri kompaniyaları, iri isker firmalar ha`m kommertsiyalıq banklerden ibarat boladı.

Federal Rezerv sisteması qımbat bahalı qag`azlarg`a to`lemlerdi telegraf arqalı jiberedi. Bahalı qag`azlar satıp alıwshıları o`zlerinin` banklerine sa`ykes rezervlerin- Federal Bank rezervlerindegi depozitlerin jog`altadı. Ja`ne de, bank sistemasınan alıng`an qosımsha rezervtin` ha`r bir dolları rezervti jabıw maqsetinde alg`an depozitler kategoriyasınan dollar ko`lemin bir neshe ma`rtege pa`seytiwge boladı. Ekonomikadan ha`r bir qosımsha dollar rezervin alg`andag`ı pul massasının` to`menlewin anıqlawshı restriktsiyanın` mug`darlıq ko`rsetkishi bolıp pul mul`tifika-torları esaplanadı. Bunda puldın` ideal mul`tifikatorların emes, al bunnan da quramalı faktorlar menen anıqlawshı real mul`tifikatorlardı esapqa alıw za`ru`r. Eger ekonomikada qolay ha`m jumıssızlıq o`siwi do`nip turg`an finanas qurallarının` jetilispewshiligi sezilse, Federal Rezerv sisteması ma`mleket-lik bahalı qag`azlardı satıp ala otırıp, pul usınısın ken`eytiw siyasatın ju`rgizedi.

Ashıq bazardag`ı operatsiyalardı anıq esaplaw mu`mkinshiligi bolmay qalg`an-da, olar Federal Rezerv sistemasınan u`zliksiz o`tkeriledi.

Balanslarda qımbat bahalı qag`azlar nominal qunı boyınsha jazıladı, al olardı satıp alıw bahasında a`melge asırıladı. Al pul jog`altıwlar bolsa banklerdegi arnawlı rezerv fondları ta`repinen jabıladı, ol kapital schettın` esabınan boladı.

Ashıq bazardag`ı operatsiyalardın` pul massasın retlestiriw ushın qollanıwına qaramastan, ol bunday retlestiriw quramına alısta emes ekenligin ko`rsetedi.

## 1.4. Esap stavkasının` siyasatı

Bizler usı waqıtqa shekem bankler ta`repinen qosımsha rezervler mug`darın do`retiwdin` bir g`ana mu`mkinshiligi, bul qosımsha qoyılmalardı tartıw dep esaplap kelgen edik. Biraq ta, haqıyqatında, bankler olardı Federal rezerv sistemasında yamasa basqa banklerde zaemlastırıw jolı menen qosımsha rezervler do`retiwi mu`mkin.

Qısqa mu`ddetli ssuda tu`rinde o`zlerinin` rezervlerin usınatug`ın bankler, Federal fondlar bazarı sıyaqlı ranılmay, ssuda protsentinin` stavkası Federal fondlar boyınsha stavka protsenti dep ataladı.

Sonın` menen birge, «**esap aynası**» dep atalıwshı arqalı bankler Federal Rezerv sistemasınan zaemlar jolı menen rezervler alıwı mu`mkin.

Bankler zayomlar ushın Federal Rezerv sistemasına eki jag`dayda xabarlasadı:

a) Depozitti massalıq tu`rde ku`tilmenen jag`dayda o`zlerinin` rezervlerin ta`rtipke keltiriw maqsetinde alıp taslawı ushı;

b) O`zlerinin` qosımsha ma`wsimin tutınıwların qanaatlandırıw ushın. Bul jag`dayda Federal Rezerv sisteması ayırıqsha sha`rtler menen uzaq mu`ddetli kreditlestiriwdi a`melge asıradı.

«**Esap aynası**» arqalı Federal Rezerv sistemasınan alınatug`ın ssuda protsentinin` stavkası bank esabının` stavkası dep ataladı. Mine, usı stavka pulusınısın qadag`alawdı a`melge asırıwshı siyasattı – bul pul usınısının` «**anıq qurıwdın`**» ja`rdemshi instupmenti, sonlıqtan ol ashıq bazarda Oraylıq bank xızmetine sa`ykes o`tkeriledi.

Oraylıq bank restriktsion siyasat ju`rgizgende, ol ashıq bazarda g`a`ziyne bahalı qag`azlardın` usınısın joqarılatadı, ol o`z gezeginde bahanın` to`menlewi

ha`m da`ramattın` artıwına alıp keledi. Na`tiyjede u`y xojalıq-ları olardı satıp ala baslaydı. Biraq, bankler de jetkilikli daramat ketiretug`ın qımbat bahalı qag`azlardı shıg`arıwg`a qızıg`a baslaydı, olar bunda rezerv qıtshılıg`ına qaramastan is ju`rgizip, qımbat bahalı qag`azlardı satıwda motivatsiya jog`altıp qoyadı.

Oraylıq bank operatsiyalarının` tikkeley ta`sirinde turg`an Federal fondlar bazarındag`ı rezervlerge bankler ta`repinen bolg`an ku`shli talap federal fondlar boyınsha protsentti joqarılatadı. Bul jag`dayda Oraylıq bank federal bazarlarına protsenttin` ha`m bahalı qag`azlar da`ramatlılıg`ının` joqarılawı ushın esap stavkasın birden ko`terip jiberedi.  Rezerv fondlarının` zayomları jaramsız bolıp qaladı. Sonın` menen birge, rezerv zaemlarına iye bankler bahalı qag`azlardın` qımbatlawına bayla-nıslı olardı tez sata baslaydı ha`m fond zaemların qaytaradı. Esap stavkasının` bunday siyasatı ashıq bazardag`ı operatsiyalardın` effektivligin asıradı. Esap stavkasının` da`rejesinin` to`menlewi tartılg`an zaemlar esabınan rezerv ko`leminin` o`siwine mu`mkinshilik beredi ha`m pul massasının` ken`eyiwine tirek boladı.

Onın` printsipial ma`nisi rezerv fondları zayomlarının` qısqa mu`ddetshiligine iye, ol banklerdin` bir qansha likvidli bolg`an bahalı qag`azlarına – g`a`ziyne biletlerine aynalısın stimullastıradı ha`m bunnan pul usınısının` o`zgeriw protsessi tezlesedi.

Ashıq bazardag`ı esap stavkası siyasatı menen bekkemlengen operatsiyalar Oraylıq bankke jeterli «**ju`ziwshen`**» mu`mkinshilik beredi, bunda ol pul usınısın basqaradı ha`m «**pul tolg`ını**» ku`shin onın` eki bag`dardag`ı tezligi menen birge retlestirip otıradı.

## 1.5. Valyuta kursı tarawındag`ı tuwraqlastırıw siyasatı

**Valyuta siyasatı –** bul valyuta kursı sistemasın tan`law ha`m valyutalıq operatsiyalar qanday kurstı alıp baratug`ının anıqlaw.

Tan`lang`an valyuta kursı sisteması ha`m valyuta kursı ma`mleket ekonomikasına, onın` tuwraqlasıwına ha`r ta`repleme ta`sir ka`rsetedi. Haqıyqatında da, ma`mleket ta`repinen o`tkerilip atırg`an valyuta siyasatı ishki bazar bahasının` ulıwma da`rejesine, milliy valyutadag`ı tovar bahasının` qatnasına, ishki ha`m sırtqı bazarlarg`a o`z ta`sirin tiygizedi.

**Valyuta kursı –** bul milliy valyuta birliginin` shet el valyuta birligindegi sa`wlelengen bahası yamasa kerisinshe.

«**Valyutanın` almasıw kursı**» termini valyuta bazarındag`ı talap ha`m usınıs na`tiyjesinde sa`wlenetug`ın nominal almasıw kursın xarakterlew ushın qollanıladı. Valyuta kursının` qanday sistemaı qollanıwınan g`a`rezli sol ma`mlekettegi valyuta bazarındag`ı tadap ha`m usınıstın` qatnasına qaray kurs o`zgerip tuwrıwı kerek.

Real almasıw kursı **Er** - bul eki ma`mlekettin` tovar almasıwı arasındag`ı qatnas. Ko`rip turg`anınday, **Er** real ha`m **En** almasıw kursına qatnasın to`mendegi formuladan ko`remiz. Real almasıw kursı eki ma`mlekettegi tovar ha`m xızmetler bahasının` qatnasın anıqlaydı:

$$Er = En * Pa` / Pg`,$$

bunda,

**Pa`** - berilgen ma`mlekettin` milliy valyutasında o`ndirilgen tovar bahası,

**Pg`** - shet elde ha`m shet el valyutasında islep shıg`arılg`an tap usınday tovardın` bahası. Real valyuta kursı qanshelli joqarı bolsa, ma`mleketlik tovarlar da sonshelli qımbat boladı, al taza eksport bolsa to`men boladı.

O`tiw ekonomikasının` ma`mleketleri o`zlerinin` ekonomikalıq reformaların o`tkeriwge kiriskennen baslap almasıw kursı rejiminin` ken`eytilgen spektrinen paydalanıp kelmekte.

Endi valyuta siyasatının` tiykarg`ı variantların ko`rip o`teyik.

Ekinshi bir kursqa salıstırg`anda qatan` kurs belgilew. Qabıl etilgen valyuta kursı sistemasında milliy valyuta kursı Oraylıq bank ta`repinen belgilenedi. Bunda Oraylıq bank shet el valyutasın belgilengen kurs boyınsha satıwg`a ha`m satıp alıwg`a kurstın` erkin terbeliwine sheek qoyıwdı o`zine wazıypa etip aladı. Egerde, milliy valyutanın` bahası usı shegerag`a jetip qalsa, Oraylıq bank interventsiya o`tkeredi, yag`nıy ol milliy valyutanı shet el valyutası ornına satıp aladı yamasa kerisinshe.

Qabıl etilgen valyuta kursın qollap – quwatlaw ushın to`lew balanısında bolatug`ın qıtshılıqtı jabıwg`a rezerv kerek boladı. Eger, rezerv jetkiliksiz bolsa, onda protektsionist sawda – satıq ila`jları yamasa valyutalıq qadag`alawdı en`giziw za`ru`r boladı. Bul varianttın` artıqmashılıqları to`mendegilerden ibarat:

- valyuta terbelisinen baylanıslı anıq emeslik faktorının` ta`siri azayadı;
- ekonomikag`a investitsiya tu`rindegi kapitaldın` ag`ıp keliwi ko`beyedi, bunnan usı ma`mleketke isenim artadı;
- makroekonomikalıq siyasattı a`melge asırıwg`a, yag`nıy bahalardı tuwraq-lastırıwg`a tiykar payda boladı;
- ma`mleketler arasında sawda baylanısları ta`miyinleniwi mu`mkin.

# II-Bap. Bazar ekonomikasın ta`rtipke salıw ha`m onı retlestiriwde ma`mlekettin` ekonomikalıq siyasatı

## 2.1. Ma`mlekettin` bazar ekonomikasının` rawajlanıwına aralasıw za`ru`rligi

Ma`mleketlerdin` rawajlanıw tarıyxı sonnı sıpatlaydı, barqulla ha`mme jayg`a kirip barıwshı jeke ma`ptin` «**ko`rinbes ko`li**» onı bag`darlap tursa da ma`mlekettin` aralasıwısız ekonomika o`zin - o`zi na`tiyjeli basqara almas eken. Bazar ku`shleri da`slep ekonomikada bar barlıq resurslardan tolıq paydalanıwı ha`m bahalardın` turaqlılıq da`rejesin ta`miyinlep turatug`ın da`rejedegi milliy islep shıg`arıw ko`lemlerin saqlap turıw ushın jeterli emes.

Sonın` menen birge ba`sekili bazardag`ı resurslardın` na`tiyjeli bo`lis-tiriliwinde jasırın ra`wishte kemshilikler de bar. Yag`nıy, ha`r qıylı tu`rdegi tovar ha`m xızmetlerdi islep shıg`arıw yaki tutınıwda qosımsha na`tiyje yaki quyılıw bolmaydı, dep esaplanadı.

**Qoyılıw** – tovar ha`m xızmetlerdi islep shıg`arıw yaki tutınıw qılıw menen baylanıslı bolg`an payda ha`m qa`rejetler u`shinshi bir ta`repke – tikkeley satıwshı yaki satıp alıwshı bolmag`an ta`repke o`tiwin an`latadı. Qoyılıw, sonday-aq, qosımsha na`tiyje dep te ju`ritiledi. Sebebi, ol bazar aldı - sattısında qatnaspay atırg`an individ yaki guruppa moynına tuwrı keletug`ın payda ha`m qarejetlerdi bildiredi.

**Qoyılıw qa`rejetleri** – tovarlardı islep shıg`arıw yaki tutınıw ushın bir ta`rep ushın qaplanbaytug`ın qarejetler payda bolg`anda ju`zege keledi. Bul qa`rejet-lerdin` ko`birek bo`legi qorshag`an - ortalıqtı pataslanıwı menen baylanıslı. Ma`m-leket qa`rejetleri quyılıwı na`tiyjesinde resurslar sa`ykes emes bo`listiriliwinin` aldın alıw ushın nızamlar ha`m o`zine sa`ykes salıqlar qabıl qıladı.

Sap bazar ushın monopollasıw, sırtqı na`tiyjeler, resurslardı a`daletsiz bo`listi-riw sıwqlı kemshilikler ha`m belgili, olar ma`mlekettin`, ekonomikalıq sistema-sının` na`tiyjeliligin asırıwg`a qaratılg`an, tiykarg`ı funktsiyaların belgilep beredi. Aynan sol sebepli bazar ha`m ma`mleket qatnasıg`ı ju`z berdi, ha`m ko`pshilik ma`mleketlerdin` bu`gingi ku`ndegi ekonomikası sap bazar ekonomikası da, sap ma`mleket ekonomikası da emes. «**Ekonomikanın` tuwraqlı a`mel qılıwı ushın**

**eki sırtqı bo`lim - bazar ha`m hu`kimet za`ru`r. Olarsız ha`zirgi zaman ekonomikasın basqarıw –tap bir qol menen shappat qag`ıw menen barabar»** (Samuel`-son P., Nordxaus U. «Ekonomika».15-baspa. M., 1997. 75-bet.)

Aldın`g`ı qatardag`ı ma`mleketler bazarları rawajlanıwına ma`mlekettin` aralasıwı sebepli da`wirlik terbenisler amplitudasın kemeytiriwge, inflyatsiyalıq ha`diyselerdi jumsartıwg`a ha`m ekonomikalıq rawajlanıwda tezlik penen ilgerilewge erisildi.

## 2.2. Ma`mlekettin` ekonomikalıq funktsiyaları

Ma`mlekettin` ekonomikalıq funktsiyaları ko`p ha`m ha`r turli. Sonın` ushın analizimizde ma`mlekettin` tiykarg`ı ekonomikalıq funktsiyaların g`ana ko`rip shıg`amız.

**Birinshiden**, ma`mlekettin` ayırım ekonomikalıq wazıypaları bazar sistemasının` rawajlanıwın jen`illestiriw ha`m qollap - quwatlaw maqsetine iye. Bul tarawda ma`mleketin` to`mendegi eki funktsiyasın kiritiwimiz mu`mkin:

1. Bazar sisteması na`tiyjeli xızmet ko`rsetiwin ta`miyinleytug`ın huqıqıy baza ha`m sotsiallıq ortalıqtı ta`miyinlew;

2. Ba`sekini qorg`aw.

**Ekinshi** guruppa wazıypaların orınlaw ushın ma`mleket to`mendegi u`sh funktsiyanı orınlaydı:

1. Da`ramat ha`m baylıqlardı qayta bo`listiriw;

2. Milliy o`nim quramın o`zgerttiriw maqsetinde resurslar bo`listiriliwin ta`rtipke salıw;

3. Ekonomikanı turaqlastırıw, yag`nıy, ekonomikalıq kon`yukturanın` o`zgeriwshen`ligi na`tiyjesinde payda bolatug`ın jumıssızlıq ha`m inflyatsiya da`rejelerin qadag`alawdı ha`mde ekonomikalıq o`siwdi xoshametlendiriw.

Ma`mleket bazar ekonomikasının` na`tiyjeli xızmet ko`rsetiwi ushın tiykar bolatug`ın ayırım xızmetlerdi ha`m huqıqıy bazanı ta`miyinlew wazıypaların o`z juwapkershiligine aladı. Huqıqıy bazanı ta`miyinlew negizinen ekonomikalıq xızmetti ta`rtipke salıwshı nızamlar islep shıg`arıwda ha`m bul nızamlardı

orınlawdı ta`miyinlew ha`mde qadag`alawda payda boladı. Ma`mleket, sonday-aq xalıkara qatnasıqlardı jolg`a qoyıp o`z isbilermenlerinin` o`nimlerin sırt ma`mleketlerde satıw ushın sharayat jaratadı. Bug`an eki ta`repleme salıqqa tartpaslıq, bajı to`lewleri boyınsha o`z - ara jen`illikler beriw, investitsiyalardı qasızlandırıw sıqlı ma`selelerde hu`kimetler aralıq kelisiwler arqalı erisiledi. Sırtqı sawdanı ta`rtipke salıw quralları arqalı da ma`mleket o`z islep shıg`arıwshıların qorg`ay aladı.

## 2.3. Ekonomikanı ma`mleket ta`repinen ta`rtipke salıw quralları

Bazar ekonomikası sharayatında ma`mleket ekonomikag`a tikkeley ara-lasadı. Ma`mlekettin` ma`mleket ekonomikasına aralasıwı makroekonomikalıq siyasat arqalı a`melge asırıladı. Bul siyasattı ju`ritiwde negizinen to`mendegi qurallardan paydalanıladı:

1. Byudjet;
2. Pul-kredit;
3. Dotatsiya;
4. Subventsiya;
5. Subsidiya;
6. Salıq mexanizmi;
7. Shegeralang`an bahalar ha`m basqalar.

Ma`mleket byudjet qa`rejetlerin (ma`mleket qa`rejetleri ha`m transfort to`lewleri) ko`beyttirw yaki qısqarttırıw arqalı ma`mleket ekonomikasına aralasadı. Ma`mleket ta`repinen ta`rtipke salwdın` tikkeley usılları yaki

byudjet siyasatı tovar ha`m xızmetlerdin` ma`mleket satıp alıw, ja`miyetlik milliy o`nimdi bo`listiriw ha`m qayta bo`listiriw, sotsiallıq da`stu`rlerdi islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıw, ma`mleket byudjetinin` da`ramatlar ha`m qa`rejetler bo`limdegi qa`rama - qarsılıqtı ta`miyinlew, islep shıg`arıwshılarg`a finanslıq ja`rdem tu`rlerin ko`rsetiw, bahalar u`stinen qadag`alaw ornatıw, eksport ha`m import qılınatug`ın tovarlarg`a kvotalar ornatıw ha`m sonın` menen birge, ma`mleket xalqın qog`aw maqsetinde alıp barılıp atırg`an is - ila`jlar kompleksinen

ibarat. Pul - kredit siyasatı ma`mlekette pul massasın ta`rtipke salıwg`a qaratılg`an ha`m onın` tiykarg`ı wazıypası bahalar ha`m real milliy islep shıg`arıw ko`leminin` o`siwine sa`ykes (ma`s) keletug`ın pul massasın ta`miyinlewden ibarat. Bul siyasattın` tiykarg`ı quralı Oraylıq bank ta`repinen a`melge asırılatug`ın esap stavkasın ta`rtipke salıw, kommertsiya banklerinin` ma`jbu`riy ra`wishte Oraylıq bankte saklaytug`ın zapasları normasın o`zgertiriw, qımbatlı kag`azlar boyınsha ashıq bazardag`ı opera-tsiyalardı jolg`a qoyıw ha`m sonın` menen birge, basqa isbilermenlik bolıp esaplanadı.

Ma`mleket ta`repinen xojalıqlarg`a ko`rsetiletug`ın finanslıq ja`rdemler: **dotatsiya, subventsiya** ha`m **subsidiya** tu`rlerinde alıp barıladı.

**Dotatsiya** – byudjet ha`m byudjetten tısqarı fondlardan qaytarıp almaslıq sha`rti menen xojalıqlardın` zıyanların qaplaw, sonday-aq, mahallelik byudjetler sa`ykesligin ta`miyinlew ushın ajıratılg`an pul qa`rejet-leri.

**Subventsiya** – anıq maqsetler ushın beriletug`ın dotatsiya tu`ri bolıp, onnan paydalanıw sha`rti buzılg`anda olardı qaytarıp alıw mu`mkin.

**Subsidiyalar** – bul, pul yaki natural ko`rinisindegi ja`rdem turi bolıp, byudjet ha`m byudjetten tısqarı fondlardan ko`rsetiledi. Subsidiyalar tikkeley ha`m janapay bolıw mu`mkin. Tikkeley subsidiyalarg`a kapital qoyılmalar, ilmiy izleniwler, kadrlardı qayta tayarlawg`a ajıratılg`an qa`rejetler kirse, janapay subsidiyalarg`a salıq jen`illikleri, jen`illikli sha`rtlerde kreditler beriw, pa`seyttirilgen bajıları ha`m basqalar kiredi.

Bunnan tısqarı ma`mleket xalqın ma`mleket transfortları ko`rinisinde qorg`awdı.

Bazar ekonomikası sharayatında ko`p tu`rli salıqlar sistemasınan pay-dalanıladı. Xalıqtı ma`mleket byudjetine ha`r ayda alg`an da`ramatlarına qarap da`ramat salıg`ın to`leydi, ka`rxanalar bolsa alg`an paydasına qarap salıq to`leydi. Sol sıyaqlı ju`da` ko`p bar salıq tu`rlerinen aqıllılıq ha`m ilimiy tiykarda paydalanıw arqalı ma`mleket salıq sisteması siyasatın, salıq stavkaları mug`darların ha`m jen`illikler tu`rlerin anıqlaydı ha`m sonın` menen pu`tin

makroekonomikalıq wazıyatqa ta`sir ko`rsetedi. Yag`nıy, salıqlardı o`zgertiriw arqalı investitsiyalar ha`m fondlar xoshametlendiriledi.

Ma`mleket bazar sistemasının` xızmet ko`rsetiwinde baha mexanizminen, sonnan, shegeralang`an bahalardan ken` paydalanadı, shegeralang`an bahalar xalıqtı qorg`aw maqsetinde ayırım tu`rdegi azıq - awqat o`nimlerine belgilengen. Shegeralang`an baha onın` haqıqıy bahalarınan bir neshe barabarg`a kem bolıwı mu`mkin. Ma`mleket shegeralang`an bahanı bazar bahasınan joqarı ha`m kem belgilewi mu`mkin.

Ko`rsetilgen bahalar ma`mleket ta`repinen ta`rtipke salıwdın` tikkeley usılları sistemasında ayırıqsha orın tutadı. Bazar sistemasında bahalar talap ha`m usınıstı ta`rtipke salıwshı tiykarg`ı qural esaplansa da, biraq du`n`yanın` barlıq ma`mleketlerinde ma`mleket bahalardı jetistiriw protsessine tikkeley ha`m janapay ta`sir ko`rsetedi.

Bunnan tısqarı ma`mleket antiinflyatsion is - ila`jlar menen de ekonomikag`a aralasadı. Yag`nıy, inflyatsiyanı jumsartıw ushın is haqı ha`m bahalardı uslap turıw, «**muzlatıw**» jolınan paydalanadı.

Ekonomikanı ta`rtipke salıw qurallarınan ja`ne biri ma`mleket ta`repinen ekonomika kelesheginin aldınnan jobalastırıw (prognozlaw) ha`m onı rawajlan-dırıw da`stu`rin islep shıg`ıw ha`mde turmısqa engiziw bolıp esaplanadı. Ma`mleket buyrıtpasına bola uzaq ha`m qısqa mu`ddetlerge mo`lsherlengen prognozlar du`ziledi. Prognozlarda resurslar, texnologiya, ishki bazar ko`lemi ha`m du`zilisi, eksport ha`m import, ma`mleket qa`rejetleri, islep shıg`arıw quramındag`ı o`zgerisler, matematikalıq modellar tiykarında esap - kitap qılınadı ha`m ekonomikanın` qaysı jo`nelisinde rawajlanıw anıqlanadı.

## 2.4. Da`rmatlardı sotsiallıq manfaatlarni itibarg`a alg`an halda qayta bo`listiriw

Bazar sisteması rawajlanıw menen ma`mleket xalqı alatug`ın da`ramat-lar ha`m qılınatug`ın qa`rejetler ortasında sa`ykesli emeslikler payda boladı. Bul kibi mashqalalardı sheshiwde ma`mleket tiykarg`ı a`hmiyetke iye. Yag`nıy, ma`mleket ja`miyettegi da`ramatlar sa`ykesligi emesligin kemeytiriw wazıypasın orınlaydı. Bul wazıypalar bir neshe siyasiy is - ila`jlar ha`m da`stu`rlerde o`z sheshimin tapqan:

**Birinshiden**, transfort to`lewleri arqalı ja`rdemge mu`ta`j, invalit (nagran) ha`m jumıssızlardı nafaqalar menen ta`miyinleydi.

**Ekinshiden**, ma`mleket bazarg`a aralasıwı arqalı da`ramatlar bo`listiriliwin o`zgerttiredi. Fermerlerge kepillenetug`ın baha ha`m minimal is haqı tuwrısındag`ı nızamshılıq ma`mleket xalqının` ayırım guruppaları  da`ramatların ten`lestiriw maqsetinde bahanı ta`rtipke salıp turıwına mısal bola aladı. Bunnan tısqarı xalıqtan alınatug`ın da`ramat salıqlarının` protsentleri boyınsha klassifikatsiyalanıw ha`m kem ta`miyinlengen xalıqtı qollap - quwatlaw maqsetinde  alıp barılıp atırg`an is-ila`jlardan biri bolıp tabıladı. Ma`mleket da`ramatlardı xalqı ortasında to`men-degishe qayta bo`listiredi:

**Birinshiden,** da`ramatlar xalqının` tu`rlishe da`ramat alatug`ın qatlamları arasında qayta bo`listiriledi. Qollanılatug`ın progressiv salıq stavkası bug`an imkan beredi. **Ma`selen**, O`zbekstanda halıq da`ramatları progressiv salıq stavkası menen salıqqa tartıladı. 2005-jılda ornatıl-g`an shkalag`a ko`re  da`stlepki ornatılg`an 5 minimal is haqıg`a ten` bolg`an da`ramattan 13 protsent (**ha`zirgi ku`nde 7,5 protsent**), bunnan artıq bolg`an keyingi 5 minimal is haqıg`a ten` bolg`an da`ramattan 21 protsent (**ha`zirgi ku`nde 16 protsent**), da`ramattın`  10 minimal is haqıdan artqan bo`liminen bolsa 30 protsent (**ha`zirgi ku`nde 22 protsent**) stavka menen salıq o`ndiriledi. Ornatılg`an shkala kem da`ramat alıwshılardan kemirek salıq o`ndiriw, ko`p da`ramat alıwshılardan bolsa ko`birek salıq o`ndiriw imkanın beredi. Ma`mleket ta`repinen finanslastırılatug`ın tu`rli sotsiallıq ja`rdem to`lewleri bolsa aynan kem da`ramatqa iye sem`yalarg`a ko`rsetiledi.

Sonın` menen birge, ma`mleket: pensiya fondı, ba`ntlik fondı, profsoyuz birlespesi fondlarına, sotsiallıq qasızlandırıw ajıratpası to`lewlerin is beriwshiler (ka`rxanalar) dan ha`m islewshilerden o`ndiredi. O`zbekstanda ka`rxanalar 2005-jıl jag`dayına ko`re sap tu`simnin` 0,7 protsenti ha`m is haqı fondının` 31 protsenti mug`darında, islewshiler bolsa is haqının` 2,5 protsenti mug`dırında sotsiallıq qamsızdlandırıw to`lewlerin a`melge asıradı. Bul qa`rejetler: pensiya ta`miyinatı, waqtınsha jumısqa jaramsızlıq boyınsha kesellik da`ptershesi, jumıssızlıq nafaqası, jumıssız-lardı miynet birjaları arqalı ka`sipke tayarlaw qa`rejetlerin qaplaw kibi is-ila`jlardı finanslastırıwg`a sarıplanadı. Yag`nıy sanap o`tilgen jo`nelisler boyınsha ha`m ma`mlekettin` da`ramatlardı qayta bo`listiriw funktsiyası payda boladı.

## 2.5. Resurslardı qayta bo`listiriw ha`m tuwraqlastırıw siyasatı

Ma`mleket regionları ha`m ekonomikalıq tarmaqları ortasında ulıwma ma`mleketlik paydalalıqların esapqa alg`an halda resurslardı qayta bo`listiriw ma`mlekettin` a`hmiyetli funktsiyalarınan biri esaplanadı.

Ekonomikanın` quramlıq du`ziliwin bo`listiriw, sotsiallıq a`hmiyetli, biraq payda ko`rip islemeytug`ın taraw yaki ka`rxanalardı qollap - quwatlaw maqsetleri ma`mleket byudjeti arqalı da`ramatlar ha`m resurslardı tarawlar arasında qayta bo`listiriw za`ru`riyatın toltıradı.

Bul wazıypa barlıq tarawlardan alıng`an salıq tu`simleri esabına finanslas-tırılg`an, oraylastırılg`an investitsiya qa`rjıların u`stin (joqarı na`tiyjeli) tarawlarg`a jo`neltiriw, sol tarawlarg`a salıq jen`illikleri, subsidiyalar, jen`illikli kreditler ajıratıw arqalı a`melge asırıladı.

Kommunal xojalıq, sonın` ishinen ja`ma`a`t transportı kibi tarawlar ekonomikalıq tarawlarının` na`tiyjeli islewi, normal turmıslıq xızmetti jolg`a qoyıw ushın za`ru`r xızmetlerdi ko`rsetkeni halda rentabelli tarawlar bolmag`anı ushın ha`m ma`mleket byudjetinen dotatsiya aladı.

Ma`mleket aymaqlarının` resurs imkaniyatı bir tu`rli emesligi, xalıq tıg`ızlıg`ı, sanaat tarawlarının` rawajlanıwı da`rejelerindegi ayırmashılıqlar sebepli xalıqtın` jan basına tuwrı keletug`ın JİO`, sanaat o`nimi, pullı xızmetler, pullı

da`ramatlar kibi ko`rsetkishler regionlarara parıq qıladı. Bul ayırmashılıqlardın` teren`lesiwi, o`z na`wbetinde milliy ekonomikanın` na`tiyjeliligine keri ta`sir ko`rsetedi, sonda da rawajlanıw da`rejesi pa`s aymaqlardan kapitaldın` qashıwı jag`dayları ko`rinis beriwi mu`mkin. Bul bolsa tu`rli aymaqlar ortasındag`ı ekonomikalıq rawajlanıw da`rejelerinde payda bolg`an ayırmashılıqtı ja`ne de teren`lestiredi.

**Ma`mleket byudjet** - salıq ha`m pul - kredit siyasatı qurallarınan paydalang`an halda ekonomikalıq ko`rsetkishler da`rejesindegi aymaqlıq ten`sizlik da`rejesin jumsartıw ushın resurslardı qayta bo`listiredi. Resurslarg`a bay, sanaatı rawajlang`an aymaqlardın` ma`mleket byudjeti da`ramatlarındag`ı u`lesi joqarı bolg`anı halda byudjet qa`rjıları aymaqlar ortasında sotsiallıq mu`ta`jliklerdi esapqa alg`an halda, kem rawajlang`an aymaqlar rawajlanıwı da`rejesin tezlestiriw maqsetlerin ko`zlep bo`listiriledi.

Ha`zirgi zaman ekonomikasındag`ı ma`mlekettin` a`hmiyetli funktsiyalarınan biri turaqlılastırıw siyasatın ju`ritedi. Ma`mlekettin` bul funktsiyası basqa funktsiyalar menen tolıq baylanıslı bolg`anı halda ekonomikalıq o`siwdi, inflyatsiya tezliklerin sheklewdi, jumıssızlıq da`rejesin normativ da`rejesinde uslap turıwdı, ma`mleket byudjeti ha`m to`lew balansı qarama - qarsılıg`ın ha`mde milliy valyuta almasıw kursı tukraqlılıg`ın ta`miyinlew sıyaqlılardı o`z ishine aladı.

## III-BAP. Bazar ekonomikasın ta`rtipke salıw ha`m onı retlestiriwde ma`mlekettin` ekonomikalıq siyasatın oqıtıw usılları

### 3.1.Ekonomikanı retlestiriwdin` ma`nisi ha`m za`ru`rligi

Ha`r qanday ekonomika o`zine ta`n bolg`an nızamları tiykarında rawajlanıp baradı. Bul protsess ja`miyetlik progressti ta`miyinlep otıradı. Egerde ekonomikalıq nızamlardın` ha`reket etiw mexanizmi buzılsa, olar burmalansa, onda ja`miyettin` rawajlanıwına keri ta`sir etiwshi mashqalalar kelip shıg`adı. Bul jag`day ekonomikanın` to`menlewine alıp keledi.

Ekonomikalıq turaqlılıqtı ta`miynlew ha`m ekonomikanın` rawajlandırıw ushın ekonomikanı retlestiriw za`ru`r.

**Ekonomikanı retlestiriw** - bul ekonomikadag`ı ha`r qıylı tarmaqlar xızmetlerinin` bir-birine baylanısıwın ha`m sa`ykes rawajlanıp barıwın ta`miyinlewdi an`latadı. Ekonomikanı retlestiriw eki usılda ju`z berdi: **jobalı retlestiriw** ha`m **bazar mexanizmi (bazar usılı).**

**Birinshi usılda** xojalıq xızmetleri (mayda - shu`ydesine shekem) bir oraydan jobalastırıladı. Bunda tiykarg`ı ekonomikalıq mashqalalardın` **(Ne islep shıg`arıw**? **Qalayınsha ha`m qansha islep shıg`arıw**? **Kimler ushın**?**)** sheshiliwi ma`mleketlik jobada ko`rsetiledi. Bul joba xojalıq sub`ektlerinin` barlıg`ı ushın ma`jbu`riy bolıp, onnan shetke shıg`ıw mumkinshiligi bolmaydı. Jobalı ekonomikada mu`ta`jlik (talap), o`ndiris ha`m resurslardı baylanıstırıwg`a umtılıw bolsa da, ol ku`tilgen na`tiyje bermeydi. Sebebi jobalastırıw arqalı ka`rxana xızmetin ja`miyet talabı (mu`ta`jligi) menen baylanıstırıw qıyın. Retlestiriwdin` bul usılı totalitar ekonomikalıq sistemag`a ta`n.

**Retlestiriwdin` ekinshi usılı** - bazar mexanizmi bazar regulyatorına (retlestiriw quralına) tiykarlanadı. Regulyatorlar arasında baha jetekshi orındı iyeleydi. Baha o`zgerislerine xojalıq xızmetlerinin` sa`ykeslesip barıwı ekonomikanı retlestirip turadı. Baha ekonomikalıq ha`reketlerdi o`z - ara baylanıstırıp, ekonomikada sa`ykeslestiriw wazıypasın atqaradı. Sonday aq baha o`ndiriwshiler menen tutınıwshılardı o`z - ara ba`sekilesiwge ma`jbu`rleydi, talap ha`m usınıstı bir - birine sa`ykeslestirip, bazar ten`salmaqlılıg`ının ornatadı.

Biraqta, bazar mexanizmi ekonomikanı retlestiriwdi tolıq ta`miyinley almaydı. Sebebi, ha`r qıylı ob`ektiv sebeplerge baylanıslı, mısalı, bahanın` ha`dden tıs joqarılap ketiwi, bazarda unamsız ha`reketlerdin` kelip shıg`ıwına, aylanısta zıyat aqshalar-dın` payda bolıwına, inflyatsiyanın` ku`sheyiwine alıp keliwi mumkin. Usıg`an baylanıslı ekonomikanı retlestiriwge ma`mleket aralasadı.

Ekonomikanı ma`mleketlik retlestiriw degende ma`mlekettin` o`z ila`jları, o`zinin` ekonomikalıq siyasatları arqalı ta`kirar o`ndiris protsessine ta`sir etiwi tu`siniledi. Bul jag`day ekonomikalıq o`siwge ha`m xalıqtın` turmıs da`rejesinin` joqarılawına alıp keledi.

Bazar ekonomikasına tiykarlang`an ma`mleketlerde ekonomikanın` ma`mleket ta`repinen retlestiriliw sebeplerin biliw ushın tariyxqa ko`z jiberip o`teyik.

XIX a`sirdin` aqırlarında erkin ba`seki gu`resi u`lken korporatsiyalardın` ju`zege keliwine alıp keldi. İri firmalar mayda ku`shsiz firmalardı gu`reste jen`ip shıg`ıp ha`m olardı jutıp jiberip ja`ne de u`lkeye berer edi. Bul ekonomikanın` bir qatar a`hmiyetli tarawlarında jag`daylardın` shiyelenisiwine, bir pu`tin tarawdı qadag`alawshı monopoliyalardın` ju`zege keliwine alıp keldi. Monopoliyalar basqa firmalardın` rawajlanıwına tosqınlıq jasap, bazarda joqarı monopol bahalardı keltirip shıg`ardı.

Solay etip, monopoliyalar erkin isbilermenlikke ha`m ekonomikada bazar qatnasıqlarına keri ta`sir ete basladı.

Tek g`ana monopoliyalar emes, al xalıqtın` erkin ba`seki gu`resi na`tiy-jesinde ju`zege kelgen bay ha`m jarlılıq da`rejesinin` o`sip ketiwi ekonomikanı ma`mleket ta`repinen qadag`alaw za`ru`rligin keltirip shıg`ardı.

**Ha`zirgi waqıtta ko`plegen ma`mleketlerde ekonomika ma`mleket ta`repinen retlestiriledi. Biraq ta onın` ku`shi ha`m qollanılıw da`rejesi ha`r qıylı. Mısalı, Frantsiya, Shvetsiya ha`m Avstriyada ku`shli bolsa, Germaniya ha`m AQSh ta ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıw joqarıdag`ı ma`mleket-lerge salıstırg`anda ha`lsizlew. O`zbekstanda bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde ma`mleket o`zinin` ha`r qıylı ilajları ha`m siyasatları arqalı ekonomikag`a ko`birek (ku`shlirek) aralasadı. Sebebi bazar ekonomikasına**

**o`tiwde basshılıqqa alınatug`ın printsiplerdin` birinde (ma`mleket - bas reformator bolıwı ti**yis)**, dep ko`rsetilgen.**

### 3.2. Bazar ekonomikasın retlestiriwdin` teoriyalıq tiykarları

Ekonomikanı retlestiriw boyınsha bazar ekonomikası teoriyasının` alımların sha`rtli ra`wishte u`sh ag`ımg`a ajıratıwımız mumkin. Olar Keynsshiler, monetaristler ha`m sotsial liberalizm teoriyasının` ta`repdarları.

Keynsshiler ta`liymatında bazar ekonomikasının` teoriyası a`hmiyetli orın iyeleydi. Bul ag`ımnın` tiykarın salıwshı XX a`sirdin` ullı ekonomisti anglichan alımı Djon Meynard Keyns esaplanadı. Onın` tiykarg`ı miyneti **«Jumıs penen ba`nt bolıw, protsent ha`m aqshanın` ulıwmalıq teoriyası»** dep atalg`an. Bul miynet makroekonomikalıq ma`selelerge bag`ıshlang`an.

Keynsshiler ta`liymatında ekonomikanın` normal rawajlanıp turıwı ushın onı bazar mexanizmi arqalı retlestiriw jeterli emes. Sonlıqtan ma`mleket ekonomika-g`a aralasıwı za`ru`r, sebebi ol talapqa ta`sir etiwi menen onın` da`rejesin ko`teriwi mumkin dep ko`rsetilgen. Olar talap da`rejesinin` ko`teriliwi degende ma`mleketlik ilajlar na`tiyjesinde talaptın` ken`eyiwin na`zerde tutqan.

Monetarizm ekonomikalıq teoriyada ken` tarqalg`an ag`ımlardın` biri. Bul ag`ımnın` ko`rnekli wa`killerinin` biri Miltan Fridman esaplanadı. Ha`zirgi zaman monetarizmine bir topar ekonomistler ta`repinen jazılg`an **«Aqshanın` mug`darlı teoriyasına ta`n analizler tadqiqotlar»** dep atalg`an miynet penen tiykar salıng`an. Bul ag`ımnın` tiykarg`ı ideyası - ekonomikalıq o`siwdi bazar mexanizmi ta`miyinleydi, bul mexanizmnin` tiykarg`ı quralı aqsha degen juwmaqtan ibarat.

Olardın` pikiri boyınsha ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıwı inftsiyanın` ku`sheyip ketiwine sebep boladı, sonın` ushın ma`mlekettin` ekonomikalıq xızmeti aqsha aylanısın retlestiriw menen shekleniwi kerek.

Bul eki teoriyalıq ag`ımlar ekonomikanı retlestiriw za`ru`rliginen kelip shıg`adı. Biraqta keynsshiler tiykarg`ı itibardı ma`mlekettin` ekonomikanı retlestiriw ku`shine qaratqan bolsa, monetaristler ekonomikanın` o`zin - o`zi

retlestiriwshi ku`shi bolg`an bazar quralları bar, ma`mleket solarg`a jol berip ekonomikag`a kem (az) aralasıwın maqullaydı.

Sotsiallıq bazar xojalıg`ı yamasa sotsial - liberalizm ag`ımı ekonomikalıq o`siwdin` u`shinshi jolına tiykar salg`an. Onın` wa`killeri - **T. Veblen, Dj. Gelbreyt, U. Mitchell, Dj. Kommans ha`m basqalar**.

Bul ag`ımnın` kontseptsiyası bazar nızamlarına u`stemlik bergen halda ma`mle-kettin` ekonomikanı retlestiriwden ibarat bolg`an jumısına to`mendegishe analiz beredi:

- ma`mlekettin` ekonomikalıq protsesslerge tikkeley aralasıwı qadag`an etiledi,
- biraqta ma`mlekettin` nızamshılıq xızmetleri arqalı bazar qatnasıqlarına jol ashıp beriw za`ru`rligin ta`n aladı.

Biz so`z etken teoriyalardın` barlıg`ı ju`da` a`hmiyetli teoriyalar bolıp, olardan kelip shıg`atug`ın a`meliy usınıslar tu`rli ma`mleketlerde tu`rlishe qollanıladı. Bul teoriyalar totalitar sistemasınan bazar ekonomikasına o`tip atırg`an ma`mleketlerde reformalardı o`tkeriw da`stu`rlerine tiykar bolıp xızmet etedi.

Ko`pshilik jag`daylarda tiykarg`ı itibar monetarizm kontseptsiyasına qaratılıp atır. Sebebi bul teoriya liberalizm sıyaqlı bazar mexanizmin tiykarlap beredi. Biraqta reformalar da`stu`rinde basqa teoriyalardın` usınısları da orın aladı. **Mısalı,** O`zbekstannın` bazar ekonomikasına o`tiw kontseptsiyasında u`sh teoriyalıq ag`ımdag`ı ilimiy juwmaqlar ha`m qag`ıydalardan ma`mleketimiz sha`rayatına sa`ykes keletug`ın ta`repleri tan`lap alınıp olardan unamlı paydalanıwg`a tiykarlanadı. Biraqta bul kontseptsiya bul teoriyalardın` ko`shirmesi emes. Onın` o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar.

## 3.3. Ha`zirgi bazar ekonomikası jag`dayında ma`mlekettin` roli ha`m wazıypaları

Ma`mlekettin` menshik iyesi sıpatındag`ı belgisi bazar ekonomikası jag`dayında da belgili da`rejede saqlanıp qaladı. Biraqta onın` ekonomikadag`ı ornın menshiktegi u`lesi menen o`lshep bolmaydı. Sebebi ma`mlekettin` ekonomikanı basqarıwdag`ı a`hmiyeti, menshiktegi u`lesine qarag`anda joqarıraq. Sonın` ushın bazar mexanizmi orınlay almag`an wazıypalardı ma`mleket o`z moynına aladı ha`m ekonomikag`a aralasadı. Ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıwı onın` a`hmiyetli xızmetlerinin` birine aylanadı.

Bazar ekonomikası jag`dayında ma`mleket ekonomikanı retlestiriwge aralasa otırıp, bir qatar wazıypalardı orınlaydı. Bul wazıypalardın` tiykarları bolıp to`mendegi wazıypalar esaplanadı.

**1. Ekonomikanın` rawajlanıwı ushın huqıq tiykarların du`ziw.** Bul wazıypasında ma`mleket bazar ekonomikasın rawajlandırıw ushın ha`r bir taraw boyınsha o`z nızamların qabıl etip, ja`miyettin` ha`r bir ag`zasının` huqıq ha`m erkinliklerin qorg`ap baradı.

2**. Ekonomikanı turaqlastırıw.** Bunda ma`mleket inflyatsiya, monopoliya, jumıssızlıq sıyaqlı mashqalalarg`a qarsı ilajlar islep shıg`aradı.

3**. Resurslardı bo`listiriw ha`m qayta bo`listiriw.** Bul wazıypası arqalı ma`mleket milliy baylıqlarda (resurslarda) xojalıq sub`ektleri arasında bo`listirip otıradı.

4**. Milliy qa`wipsizlikti ta`miynlew ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`awg`a kepillik beriw.**

Ma`mleket o`zinin` bul wazıypaların orınlay otırıp, ekonomikanı to`mendegi usıllar arqalı retlestirip otıradı: **nızam shıg`arıw, salıq salıw, subsidiyalar beriw ha`m kredit** arqalı. Bul jumıslar menen ma`mlekettin` ayrıqsha sho`lkemleri (nızam shıg`arıwshı, atqarıwshı t.b.) shug`ıllanadı.

Ma`mleket menshik ha`m isbilermenlik qatnasıqları, finans - kredit xızmetleri sıyaqlı jumıslardı rawajlandırıw boyınsha ha`r qıylı nızamlar shıg`arıp

ekonomikanı retlestirip baradı. Qabıl etilgen nızamlar ha`reketi ma`mleketlik sho`lkemler ta`repinen qadag`alap barıladı.

Ma`mleket salıqlar arqalı da ekonomikanı retlestiredi. Salıqlar ma`mleketlik byudjettin` da`ramatlar bo`legin toltırıw menen sheklenbey, o`ndiristin` o`siwin yamasa qısqarıwın ta`miyinleydi. Salıqlardın` mug`darı ekonomikalıq jag`day-larg`a qarap o`zgerip turadı.

Ma`mleket ekonomikanı retlestiriwge byudjet qa`rejetleri arqalı da erisedi. Bul protsess subsidiya beriw arqalı a`melge asırıladı.

**Subsidiya** - bul ma`mleketlik byudjetten isbilermenlerge anıq maqset jolında jumsaw ushın beriletug`ın qarjılar. Subsidiya ma`mlekettin` finanslıq ja`rdemi bolıp, byudjetke qaytarıp berilmeydi. Subsidiyalar arqalı ma`mleket ka`rxana-lardın` finanslıq jag`dayların jaqsılaydı. Subsidiya finanslıq sanatsiya quralı sıpatındı a`hmiyetli rol` atqaradı.

**Sanatsiya** - bul firmalardı bankrotlıqtan qutqarıw maqsetinde, olardı finanslıq salamatlastırıw. Sanatsiya ma`mleket ekonomikası ushın a`hmiyetli bolg`an firmalarg`a beriledi.

Ma`mleket bajı to`lemleri ha`m eksport litsenziyaları arqalı da ekonomikag`a ta`sir etedi. İmport ushın bajı to`lemlerin joqarılatıp, ma`mleket ishki bazarg`a sırt el tovarlarının` keliwin sheklep, olardın` ba`seki gu`resinen milliy bazardı qorg`aydı.

**Mısalı,** AQSh hu`kimeti o`zinin` avtomobil` sanaattın qorg`aw ushın Yaponiya avtomobil`lerine ko`p mug`darda bajı to`lemlerin belgilegen.

Eksport litsenziyaları bazardın` ken`eyiwin bildiredi. Eksport o`sse ma`mleket-ke keletug`ın valyuta tu`simi ko`beyedi. Kelip tu`sken valyuta ekonomikanı bekkemlewge xızmet etedi.

Sonday-aq ma`mleket ekonomikag`a kredit sisteması arqalıda ta`sir etedi. Bunda ssudag`a beriletug`ın aqsha mug`darın o`zgertiw ushın protsent quralınan paydalanıladı. Kredit qatnasıqlarında Oraylıq bankler Oraylıq rezerv ssiteması wazıypasın atqaradı. Ma`mleket kreditke bolg`an talap ha`m usınıstı oraylıq rezerv sisteması arqalı o`zgertedi.

Bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde O`zbekstanda ma`mleket bas reformator sıpatında ekonomikanın` barlıq tarawlarında ekonomikalıq reformalardı izbe - izlik penen a`melge asırıp atır. Reformalardın` tiykarg`ı maqseti ekonomikanı turaqlastırıw ha`m xalıqtın` sotsiallıq turmıs da`rejesin ko`teriwden ibarat.

## 3.4. İsbilermenlik xızmeti tu`sinigi, onın` wazıypaları ha`m rawajlanıw sha`rt - sharayatları

İsbilermenlik xızmeti ekonomikalıq xızmettin` ajıralmas quramı bolıp esaplanadı. Bu`gingi ku`nde isbilermenlik xızmetinin` birden - bir ta`riplemesi bar emes. Bir ekonomikalıq derekte keltirilgen ta`ripleme basqa bir derektegi ta`riplemege muwapıq kelmesligi mu`mkin.

Ha`zirgi waqıtta tu`rli ilimiy - teoriyalıq a`debiyatlarda isbilermenlik xızmeti ha`m biznes jeke, onın` jo`nelisleri, printsipleri, huqıqıy - ekonomikalıq ta`repleri tuwrısında ko`plep ilimpazlardın` pikirleri, talqılawları ken` orın iyelemekte. Olarda ko`bineshe isbilermenlik xızmeti ha`m biznesti bir tu`rli tu`sinik sıpatında analiz qılınbaqta. Haqıyqattan da bazar ekonomikası sub`ektleri xojalıq xızmetinde "**isbiler-menlik**" ha`m "**biznes**" tu`sinikleri bir-biri menen bir biri menen tıg`ız baylanıslı bolıp, a`meliy ta`repten bir - birinin` ornına isletiliwi mu`mkin. Biraq "**isbilermenlik**" ha`m "**biznes**" tu`sinigi ekonomikalıq ta`sir qılıw tarawları ko`z qarasınan qarag`anımızda aynan bir qıylı tu`sinik dep esaplap bolmaydı.

Ku`ndelik turmısta ayırım jag`daylarda "**biznes**" so`zin kommertsiya, sawda kibi tu`siniklerdin` sinonimıı sıpatında talqılaw qıladı. Ko`pshilik jag`daylarda bolsa "**isbilermenlik**" ha`m "**biznes**", "**kommertsiya**" ha`m "**marketing**" tu`siniklerin bir qıylı xızmet sıpatında bahalap atırg`anlıg`ının` guwası bolamız.

Pikirimizshe, isbilermenliktin` biznesten tiykarg`ı ayırmashılıg`ı sonda, isbilermenlik - bul o`nim islep shıg`arıw ha`m xızmet ko`rsetiwge qatnasıwshılıq, jan`alıq jaratıw ruhı negizinde jaqınlasıw menen baylanıslı xızmet bolıp esaplanadı. Biznes bolsa og`an qarag`anda ken` tu`sinik bolıp, ulıwma payda alıw ko`z - qarasınan ju`ritiliwshi xızmet bolıp tabıladı.

O`zbekstan Respublikasının` «**İsbilermenlik ha`m isbilermenlik xızmetinin` kepillikleri tuwrısında**» g`ı nızamında ta`ripleniwinshe «İsbilermenlik (isbiler-menlik xızmeti) – yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslar ta`repinen mu`lklik juwap-kershilik astında, bar nızamlar shen`berinde, da`ramat (payda) alıw maqsetinde, a`shqa`ralıq penen a`melge asırılatug`ın ekonomikalıq xızmet».

Bu`gingi ku`nde isbilermenlik xızmeti teoriyasının` rawajlanıwında «**u`sh tolqın**» – yag`nıy, belgili tarawdı ilimiy ta`repten en` jaydırıwdag`ı ayırıqsha basqıshlar sha`rtli ra`wishte ajıratıladı.

**Birinshi basqısh** da`slepki Erkin bazar qatnasıqları qa`liplesiw da`wiri - XVIII a`sirde payda bolg`an bolıp, ol isbilermen ta`repinen a`melge asırılatug`ın ta`wekelshilik protsessleri menen baylanısqan. Tek g`ana ekonomika pa`ninde isbilermenlik xızmetine tiyisli da`slepki izleniwler de XVIII a`sirde R.Kantil`on, A.Tyurgo, F.Kene, A.Smit ha`m J.B.Sey miynetlerinde a`melge asırıla baslang`an.

Frantsuz ekonomisti R.Kantil`on isbilermenliktin` ayırıqsha ko`rinislilik belgilerinen biri sıpatında ta`wekelshilikti ajıratıp ko`rsetedi. Onın` pikirinshe, isbilermenlik - waqıya ha`m ha`diyselerdi aldınnan ko`re biliw qa`siyetine iye bolg`an, o`z moynına barlıq juwapkershilikti alıp ta`wekel qılıwshı, o`z is-ha`reketleri arqalı da`ramat alıwg`a umit qılıwshı ha`m ha`r qanday jog`altıwlarg`a tayar bolg`an ıqtiyarlı bir shaxs.

R.Kantil`onnan keyin neoklassik mektep qa`tnasıwshıları o`z miynetlerinde o`zine xos ta`wekelshilik tiykarında ba`sekilesip, sawda xızmeti menen shug`ıl-lanıwshı ka`rxana iyesin isbilermen dep esaplay basladı.

İsbilermenlik xızmeti tuwrısındag`ı teoriyalar rawajlanıwnın` **ekinshi basqı-shında** isbilermenliktin` tiykarg`ı qa`siyeti sıpatında innovatsion xızmetti ajıratıp ko`rsetiledi. Bul ag`ımnın` tiykarın salıwshısı Y.Shumpeter bolıp, onın` pikirinshe, ekonomikalıq o`siwdin` negizinde isbilermenlikti islep shıg`arıw faktorlarının` jan`a kombina-tsiyasın isletiwge, qollanıwg`a bolg`an umtılıwı jetedi ha`m bul umtılıw-dın` na`tiyjesinde innovatsiya, jan`alıqlar esaplanadı.

Belgili teoriyalar rawajlanıwı **u`shinshi bosqıshının`** tiykarg`ı ideyası – isbilermenliktin` ayırıqsha jeke qa`biyletleri, sonnan isleniw ha`m izleniwshilik

esaplanadı. Bul ag`ım qatnasıwshıları F.Xayek ha`m L.Mizes isbilermenlikke jan`a ekonomikalıq imkaniyatlardı izlep tabıw ha`m en` jaydırıw dep qaraydı, sonın` menen birge, xızmeti izleniw ta`rizde keshetug`ın ha`r qanday shaxstı kelesi isbilermen dep esaplasadı.

K.Makkonnell ha`m S.Bryu isbilermenlikke negizinen u`zliksiz sha`rtler ha`m talaplar etiwshi ayırıqsha xızmet tu`ri sıpatında qaraydı.

**Birinshiden**, isbilermen tovar ha`m xızmetler islep shıg`arıw potsessinde islep shıg`arıw faktorların birlestiredi ha`m “**katalizator**” wazıypasın atqaradı.

**Ekinshiden**, biznesti ju`ritiw protsessinde ol qararlar qabıl qılıwda qıyın wazıyatlardı o`z moynına aladı.

**U`shinshiden**, isbilermen - xızmetshi shaxs bolıp, jan`a islep shıg`arıw texnologiyaların paydalanıp, jan`a o`nimler islep shıg`arıwg`a umtıladı.

**To`rtinshiden**, isbilermen bul qa`weterlikke barıwshı insan. Ol tek g`ana o`z mal - mu`lki, waqtı, miyneti menen, ba`lki o`z sherikleri, pikirlesleri qosqan qa`rejetler menen de qa`weterligine baradı.

İsbilermenlik xızmeti tuwrısında joqarıda keltirilgen ha`r qıylı pikirler ha`m jaqınlasıwlardı ulıwmalastırg`an halda, qısqa qılıp to`mendegishe anıqlama beriw mu`mkin: **isbilermenlik xızmeti** – ko`rinisi ha`m tarawınan qatıy nazar payda alıw ha`m onnan na`tiyjeli paydalanıw maqsetine qaratılg`an ekonomikalıq xızmet.

İsbilermenlik xızmeti tu`siniginin` mazmunı onın` to`rt o`z-ara baylanıslı wazıypasın anıqlaw menen tolıq tu`siniledi:

1) **İsbilermen** - payda alıw maqsetinde tovar (yaki xızmet) islep shıg`arıwdın` birden bir protsessinde **jer, suw, kapital** ha`m **miynet** resursların birlestiriw usınısın aladı. Sonın` menen birge isbilermen bir waqıtta islep shgarıwdın` ha`reketlendiriwshi ku`shi ha`m islep shıg`arıwdı a`melge asırıw ushın basqa resurslardı bir jayda uyımlastırıwshı **tashabbuskor** (jan`alaqlar en`giziwshi) esaplanadı;

2) **İsbilermen** - biznesti ju`ritiw, paydanı ko`beytiriw boyınsha tiykarg`ı qararlar qabıl qıladı, bul qararlar ka`rxana xızmetinin` maqsetin anıqlap beredi;

3) **İsbilermen –** joqarı payda arqasınan tolısıp, jan`a o`nimler, jan`a islep shıg`arıw texnologiyası yaki ha`tteki biznesti payda qılıwdın` jan`a ko`rinislerin payda qılıwg`a ha`reket qılıwshı, jan`alıqqa umtılıwshı shaxs esaplanadı.

İsbilermen xızmeti - bul tawekelshilikke barıwshı xızmet.

İsbilermenliktin` rawajlanıwı, o`z na`wbetinde, bir qatar sharayatlardın` payda bolıwın ko`rsetip, olar tiykarında ulıwma tovar islep shıg`arıwdın` ulıwmalıq sotsiallıq-ekonomikalıq sha`rt - sharayatları jatadı.

**Birinshiden**, isbilermen xojalıq ju`ritiwde onın` birer tu`rin tan`law, islep shıg`arıw prtsessin a`melge asırıw, onı o`zgerislerge maslastırıw, dereklerdi tan`law, resurs tabıw, o`nim satıw, olarg`a baha belgilew, paydanı ko`z aldına elesletiw ha`m sol kibiler boyınsha belgili huqıq ha`m erkinlikler payda bolıwın korsetedi.

**Ekinshiden**, isbilermen islep shıg`arıw qurallarına, iislep shıg`arılg`an o`nim ha`m alıng`an da`ramatqa mu`lkshilik huqıqına iye bolıwı kerek. İsbilermenlik xızmeti mu`lkdardın` o`zi ta`repinen de, onın` mal - mu`lki tiykarında is ju`ritiwshi sub`ekt ta`repinen de a`melge asırılıw mu`mkin. Xojalıq ju`ritiw huqıqı, yag`nıy mal-mu`lkinen paydalanıw ha`m da`ramattı elesletiw qılıw isbilermen ta`repinen ta`kirar islep shıg`arıw protsessin basqarıwının` a`hmiyetli sha`rt - sharayatın payda qıladı. Bizge belgili, isbilermenlik xızmetinin` wazıypası tek g`ana payda alıwg`a, ba`lki onı qaysı maqsetlerde isletiw ha`m na`tiyjeli sarıplaw jolların tabıwg`a qa`ratıladı, yag`nıy ol tutınıw - bo`listiriwshi ko`z - qarasınan emes, ba`lki joqarı ba`seki-lesshilikti saqlap turıw, xojalıqtı sho`lkemlestiriw, ken`eyttiriw ha`m sol kibilerdi a`melge asırıwg`a tiykarlanadı.

**U`shinshiden**, xojalıq ju`ritiw jolın erkin tan`law, da`ramattı investitsiyalaw imkaniyatı ha`m sol kibilerdi real ta`miyinleytug`ın ma`lim ekonomikalıq ortalıq ha`m sotsiallıq-siyasiy sharayat jaratıw za`ru`r.

**To`rtinshiden**, isbilermenlik mu`lkshilik ha`m o`zlestiriw ha`r qıylı ko`rinisleri ha`m tu`rlerinin` barlıg`ın ko`rsetedi. O`z na`wbetinde mu`lkshilik ha`m o`zlestiriw tarawlarındag`ı tha`r qıylılıqtın` ozi ob`ektiv ha`dise bolıp, islep shıg`arıwshı ku`shlerdin` rawajlanıwı aqıbeti sıpatında maydang`a shıg`adı.

Sonın`day, jeterli finanslıq dereklerge, jaqsı mag`lıwmat ha`m qa`niygeli tayarlıqqa iye bolıw, ulıwma kommertsiya nızamshılıg`ı, salıq boyınsha jen`illikler, isbilermenlik ortalıg`ı ha`m onı rawajlandırıwda ja`miyet paydalılıqlarının` payda bolıwı isbilermenlikti rawajlandırıwdın` na`wbettegi sha`rt-sharayatları esaplanadı.

Joqarıda ko`rip shıg`ılg`an barlıq sha`rt - sharayatlar bar bolg`an ma`mleketlerde isbilermenlik jaqsı rawajlanadı, keri jag`dayda xızmettin` bul tu`ri jasırın ekonomika tarawına o`tip ketiwi iqtimalıg`ı da joqarı boladı.

### 3.5. İsbilermenlik xızmetinin` sha`rtleri

Ha`zir du`n`yada islep shıg`arıwshı ku`shler da`rejesi ha`m o`zine xos ta`replerinin` joqarı da`rejede bir-birine qosılıp ketiwi ku`zetiledi. İslep shıg`arıwshı ku`shlerdin` sotsiallıq, ulıwma ma`mleket maqsetlerinde paydalanılg`an ha`m turmıslıq emes, ja`ma`a`t, guruppa, jeke ha`m individual maqsetlerde isletiletug`ın tu`rleri bar. Sog`an sa`ykes ra`wishte isbilermenliktin` ha`rqıylı: ma`mleket, ja`ma`a`t, individual`, jeke, aralas ha`m basqa tu`rleri rawajlanadı.

Ha`zir du`n`yanın` ko`pshilik ma`mleketlkrinde ma`mleke isbilermenligi bar bolıp, olarda milliy da`ramattın` 20 protsentinen 50 protsentine shekem ma`mleketler u`lesine tuwrı keledi. Ma`mleket ka`rxanaları ko`binese ma`mleket ekonomikası ushın ju`da` ayırıqsha a`hmiyetke iye bolg`an yaki ulken kapital qoyılmalar talap qılatug`ın tarawlarda du`zilmekte. **Ma`selen**, Angliyada ma`mleke sektorı qara metallurgiya, ko`mir qazıp shıg`arıw, aerokosmik sanaat, baylanıslar quralları, temir - jol transportı, elektr ha`m gaz benen ta`miyinlew kibi tarawlardı qamtıp aladı. Rawajlanıpatırg`an ma`mleketlerde ma`mleket qa`rxanaları millilestirilgen shet el kompaniyaları bazasında tiyarınan sanaattın` ka`nshilik tarawlarında du`ziledi. Rawajlanıpatırg`an ha`m rawajlang`an ko`pshilik ma`mleketlerde ma`mleket kompaniyaları sanaat firmaları arasında aldıng`ı sapta esaplanadı.

Tu`rli ma`mleketlerde ma`mleket ka`rxanalarının` huqıqıy at berilgen ha`rqıylıg`ı menen ko`birek parıqlanadı. Ha`tte birer ma`mlekette barlıq ma`mleket ka`rxanaları xızmetin ta`rtipke salıwshı birden-bir nızamlılıq hu`jjeti bar emes.

Joqorıda ko`rip o`tilgen sharayatlar tiykarında ma`mleket ka`rxanaların **u`sh guruppag`a** bo`liw mu`mkin:

- byudjet ka`rxanaları;
- ma`mleketlik islep shıg`arıw ka`rxanaları;
- aralas kompaniyalar.

Huqıqıy ha`m xojalıq erkinligine iye bolmag`an ka`rxanalar **byudjet ka`rxanalarına** kiradi. O`zlerinin` jag`dayı boyınsha olar ma`mlekettin` huqıqıy - basqarıw sistemasına kiredi ha`m birer-bir wazirlik, mekeme yaki jergilikli o`zin-o`zi basqarıw organlarına tikkeley boysınadı yaki quramlıq bo`limi esaplanadı. Olar alg`an paydasınan salıq to`lemeydi. Barlıq da`ramat ha`m qa`rejetler ma`mleket byudjeti arqalı o`tedi.

**Ma`mleketlik islep shıg`arıw ka`rxanaları** – bul ka`rxanalardın` sonsha ken` tarqalg`an sho`lkemlestiriwshilik, huqıqıy forması bolıp tabıladı. Olar ajıratılg`an mal - mu`lkke iye bolıp, xojalıq xızmeti menen birge ma`mleket ta`repinen belgilengen shen`berde basqarıw ha`m tartipke salıw wazıypaların da orınlaydı, yag`nıy ma`mleketlik korporatsiyaları o`zinde kommertsiya ka`rxanaları ha`m ma`mleket organları belgilerin ulıwmalastıradı.

**Aralas kompaniyalar - hissadorlik** ja`miyetleri ha`m mu`mkinshilikleri sheklenge shirketler formasında sho`lkemlestirilip, aktsiyaları ma`mleketke ha`m jeke amanatshılarg`a baylanıslı boladı. Aralas kompaniyalar aktstonerlik ja`miyet-leri tuwrısındag`ı nızam tiykarında is ju`ritedi ha`m yuridikalıq shaxs esaplanadı, xojalıq xızmetinde jeke firmalar menen barabar kommertsiya tiykarında qatnasadı. Sonın` menen birge, olar jeke firmalarg`a salıstırg`anda ma`lim jen`illiklerden paydalanadı. Bul jen`illiklerge: ma`mleket ta`repinen finanslıq ja`rdem ha`m dotatsiyalar beriw, shet el litsenziyaların jen`il sha`rtler menen alıw, basqa ma`mleket ka`rxanalarınan shiyka zat ha`m yarım fabrikatlardı anıq belgilengen bahalarda alıw, islep shıg`arılg`an o`nimdi satıw ushın bazar menen ta`miyin-lengenlik ha`m sol sıyaqlılar.

Barlıq waqıt ka`rxana (firma) ja`ma`a`t isbilermenligin a`melge asırıw quralları bolıp xızmet qıladı. Ekonomikalıq kategoriya sıpatında ka`rxa-na islep shıg`arıwshı

ku`shler ha`m islep shıg`arıw qatnasıqların payda qılıwdın` tiyarg`ı birlemshi buwını esaplanadı. Huqıqıy ko`z qarasınan ka`rxana degende yuridikalıq shaxs huqıqına iye bolg`an erkin xojalıq ju`ritiw sub`ekti tu`siniledi. Olar o`zine biriktirilgen mal-mu`lkten paylanıw tiykarında o`nim islep shıg`aradı a`m satadı, jumıslardı orınlaydı ha`m xızmetler ko`rsetedi. Ka`rxanalardın` mu`lkshilik jetiskenliginen tısqarı ha`r tu`rli sho`lkemlestiriwshilik - huqıqıy formaları da bar boladı. Ka`rxanalar xojalıq ja`miyetleri ha`m shirketleri, islep shıg`arıw kooperativleri, ja`ma`a`t ka`rxanaları, ijara ka`rxanaları, xojalıq birlespeleri formasında du`ziliwi mu`mkin.

**Kooperativ isbilermenlik -** ja`ma`a`t isbilermenliginin` ayrıqsha forması bolıp, ja`ma`a`t mu`lkine tiykarlang`an ha`m kooperatsiya ag`zalarının` onın` xızmetinde o`z miynet penen qatnasıwın ko`rsetedi. Kooperativ mu`lkshilikke tiykarlang`an isbilermenliktin` tiykarg`ı belgileri to`mendegilerden ibarat:

- jumısshılardın` islep shıg`arıw quralları menen tikkeley qosılıwı (jeke mu`lkshilikte bunday qosılıwda mu`lkdar, ma`mleket mu`lkshiliginde bolsa ma`mleket qatnasıwshı esaplanadı);
- kooperatsiya ag`zalarının` islep shıg`arıw qurallarınan ken` paydalana alıwı;
- olardın` ekonomikalıq ta`repten ten` huqıqlılıg`ı;
- ja`ma`a`ttin` o`zin - o`zi basqarıwdı a`melge asırıwı;
- ja`ma`a`t ha`m individual` qızıg`ıwlar sa`ykesligi ju`zege keliwi h.t.b.

**Jeke isbilermenlik -** ayırım shaxs yaki ka`rxana ta`repinen jeke **tashabbus** tiykarında sho`lkemlestiriledi. İsbilermenliktin` bul formasında mu`lk ha`m islep shıg`arıw na`tiyjeleri jeke shaxslarg`a tiyisli bolıp, islep shıg`arıwshıdı sho`lkemlestiriw jallanba miynetke tiykarlanadı.

**Jeke ta`rtiptegi isbilermenlik -** jeke mu`lkke tiykarlang`an, islep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriw o`zi yaki sem`ya ag`zaları miyneti tiykarında a`melge asırıladı. Jeke ka`rxana iyesi onın` menedjeri ha`m esaplanıp, ka`rxananın` barlıq ma`jbu`riyatları ushın jeke juwapker boladı. Xojalıq huqıqı ko`z - qarasınan jekke ta`rtiptegi isbilermenlik huqıqıy shaxs esaplanbaydı, sol sebepli onın` iyesi sheklenbegen juwapkershilikke iye bolıp, tekg`ana puqaralardan alınatug`ın da`ramat salıg`ın to`leydi. Bud a`dette kishi magazin, xızmet ko`rsetiw

tarawındag`ı ka`rxanalar, diyxan xojalıq-ları, sonday-aq, huqıqshunas, vrach, advokat kibi tu`rli qa`niygeli qa`niygeler xızmeti ko`rinisinde sho`lkemlestirilgen isbilermenlik esaplanadı.

O`zbekstanda kishi ha`m jeke isbilermenlikti qollap–quwatlawdın` aymaqlılıq da`stu`rlerin a`melge asırıw na`tiyjesinde tek 2004- jıldın` o`zinde 51,7 mın`g`a ka`rxana qayta sho`lkemlestirildi. «Jeke isbilermenlikti rawajlandırıw esabına 2004- jılda 425 mın`nan zıyat jan`a is orınları sho`lkemlestirildi. Bul 2003-jılg`a salıstırg`anda 14 protsent ko`p demek. Kishi biznestin` jalpı ishki on`imdegi u`lesi artadı ha`m 2004- jılda 35,6 protsent payda etti». 2004- jılda kishi biznes sub`ektlerine 353,9 milliyard sum mug`darında kreditlar ajıratıldı, solardan 71 protsentin kishi biznes, jeke isbilermenlik sub`ektlerine ajıratılg`an uzaq mu`ddetli kreditler quradı. Kishi biznes sub`ektleri ta`repinen kreditlerdi o`zlestiriliwi na`tiyjesinde ha`,g` mın` jan`a jumıs orınları jaratıldı.

İsbilermenlik xızmetin a`melge asırıwdın` ayrıqsha formalarınan biri aktsionerlik ja`miyetleri esaplanadı.

Onsha ulken ha`m ulken jumıslardı orınlawları ushın adamlar o`zlerinin` miynetin, miynet quralları ha`m basqa islep shıg`arıw qralları ha`mde pul resursların (kapitallar) birlestiriwleri lazım boladı. Ja`ma`a`t ku`shin usı tiykarda birlestiriw na`tiyjesinde tu`rli ko`riniste birlespeler payda boladı, olar ilimiy a`debiyatlarda, nızamlılıq pitimlerde «ja`miyet» dep atala baslandı.

Ja`miyet ulıwma tu`sinik bolıp, olardın` forması, ekonomikalıq mazmunı, xızmetinin` maqseti ha`m huqıqıy ma`jburiyatları ha`r qıylı bolıwı mu`mkin.

Ha`zirgi ku`nda ka`rxanalardı aktsionerlik formada sho`lkemlestiriw jahan xojalıg`ı ha`m da`slep ulken islep shıg`arıwdın` ajıralmas bo`legi esaplanadı. AQSh, Yaponiya ha`m Batıs Evropadag`ı barlıq jetekshi ma`mleketlerde aktstonerlik ja`miyetleri sanaat, sawda, qasızdandırıw isi ha`m ekonomikanın` basqa tarawlarında ka`rxanalarnın` jetekshi sho`lkemlestiriwshilik - huqıqıy forması bolıp qaldı.

Aktsiya shıg`arıw ha`m onı erkin jaylastırıw aktsionerlik qatnasıqlardın` ayırıqsha ta`replerinen birewin sho`lkemlestiredi.

**Aktsiya -** bul onın` iyesi aktsionerlik ja`miyeti kapitalına o`zinin` ma`lim bir u`lesin qosqanlıg`ına ha`m onın` paydasınan dividend formasında da`ramat alıw huqıqı barlıg`ına guwalıq beriwshi qımbatlı qag`az. Bunnan tısqarı, aktsiya ka`rxananı basqarıwda qatnasıw huqıqın da beredi.

Aktsiyalar arnawlı tovar sıpatında satıladı ha`m satıp alınadı, sol sebepli o`zinin` nırqına iye. Aktsiyada ko`rsetilgen pul summası onın` nominal nırqı delinedi. Aktsiyanın` fond bazarında satılatug`ın nırqı aktsiya kursı dep atalıp, ol alınatug`ın dividend mug`darına tuwrı baylanıslı, protsent mug`darında bolsa keri baylanıslıqta boladı. Qarıydar aktsiyanı onnan alınatug`ın da`ramattı bankke qoyılg`an puldan keletug`ın protsentten kem bolmag`an jag`dayda g`ana satıp aladı.

Aktsiya kursı to`mendegishe anıqlanadı:

$$AK = \frac{Д}{Ф_c} \times 100\%,$$

bul jerde:

**AK -** aktsiya kursı;

**D** – dividend;

$\mathbf{F_s}$ – ssuda protsenti.

Ssuda protsenti o`skende aktsiya kursı tu`sedi. Eger dividend ssuda protsentine qa`rag`anda joqarı da`rejede o`sse, aktsiya kursı ko`teriledi.

Aktsiyanın` haqıqıy bazar kursına dividend ha`m ssuda protsenti da`rejesi menen birge, usı aktsiyag`a talap ha`m usınıs qatnası ha`m ta`sir qıladı.

Aktsionerlik ja`miyetleri aktsiya menen birge obligatsiya da shıg`aradı.

**Obligatsiya** – onın` iyesine ja`miyetge ata o`tilgen protsent alıw sha`rti menen pul qoyılg`anlıg`ın tastıyıqlaydı. Obligatsiya aktsionerlik ja`miyeti finanslıq qa`rejetlerdi ko`beytiriw ushın shıg`arıladı.

Aktsiya iyesi ka`rxana mu`lkdarı, obligatsiya iyesi bolsa, onın` kredi-torı esaplanadı. Onnan tısqarı, obligatsiya aktsiyadan parıq qılıp, o`z iyesine jıllıq qamsızlandırılg`an da`ramat keltiredi, biraq aktsionerlik ja`miyeti jumısların sheshiwde «**dawıs beriw**» huqıqın bermeydi. Obligatsiyalar boyınsha to`lenetug`ın

da`ramat adettegi ssuda protsenti mug`darınan artıq bolmaydı. Onın` nırqı aktsionerlik ja`miyeti ta`repinen ma`lim mu`ddet o`tiwi menen to`lenedi. Aktsiyag`a qoyılg`an qarjı obligatsiyag`a jaylastırılg`annan parıq qılıp, aktsioner talabı boyınsha qaytarılıwı mu`mkin emess ha`m tek satıw arqalı qaplanadı.

Aktsionerlik ja`miyettin` sho`lkemlestiriliwi sho`lkemlestiriwshilik paydası kibi da`ramat tu`rinin` payda bolıwı menen baylanıslı. **Sho`lkemlestiriwshilik paydası -** satılg`an aktsiyalar summası ha`m aktsionerlik ka`rxanasına haqıyqatta qoyılg`an qarjı mug`darı ortasındag`ı parıqtan ibarat.

Aktsionerlik qarxanasında sho`lkemlestiriwshilik paydası menen bir qatarda dividend kibi da`romat tu`ri qa`liplesedi.

**Dividend** (lotincha dividendus – bolıwg`a tiyisli) aktsiya iyesine to`le-netug`ın da`ramat. Dividend quralında aktsiya iyesi qımbatlı qag`azdın` usı tu`rine qoyılg`an pul qarjılarının` (kapitaldın`) tiyisli bo`legine o`zinin` mu`lkshilik huqıqın ekonomikalıq ta`repten jarıqqa shıg`aradı. Dividend arqalı tek aktsionerlik ja`miyeti alg`an paydanın` bir bo`limi bo`listiriledi. Onın` basqa bo`limi toplawg`a, salıq to`lewge ha`m sol kibilerge ketedi. Dividend mug`darı alınatug`ın payda ha`m shıg`arılg`an aktsiya mug`darına baylanıslı ha`m a`dette ssuda protsentinen joqarı boladı.

A`dettegi aktsiyalar boyınsha dividend mug`darı aktsionerlik ja`miyetti ha`rekettegi (usı) jılda alg`an payda mug`darına baylanıslı. Jen`illikli aktsiyalar boyınsha dividend mug`darı bolsa ha`rekettegi (usı) jıldag`ı payda mug`darınan g`a`rezsiz alıng`an (**qayd qılıng`an)** protsent formasında ornatıladı. Ja`miyet jabılg`an tag`dirde jen`illikli aktsiya iyesine qoyılg`an qarjı onın` nominal nırqı boyınsha qaytarıladı.

Ha`zirgi ku`nde bizin` respublikamızda ka`rxanalardı aktsionerlestiriwdin` eki jo`nelisi ko`rinis taptı:

- **birinshi jo`neliste** o`zinin` huqıqıy atı o`zgermeytug`ın, ma`mleket mu`lki bolıp qalatug`ın ka`rxanalar;

- **ekinshi jo`neliste** o`zinin` huqıqıy atın o`zgertirip tolıq aktsionerlik ja`miyetine aylang`an ka`rxanalar aktsiya shıg`aradı.

Respublikada aktsionerlik ja`miyetlerdi rawajlandırıwdın` tiykarg`ı jo`nelisi ma`mleket mu`lkshiligindegi ulken ha`m orta ka`rxanalardı ken` ko`lemde aktsionerlikke o`tkiziw, olar tiykarında ashıq aktsionerlik ja`miyetlerin du`ziw esaplanadı. Sonın` menen birge burın du`zilgen jabıq turdegi aktsionerlik ja`miyetleri ashıq tu`rdegi aktsionerlik ja`miyetler qılıp qayta du`ziliwi ko`zde tutılg`an. Bunın` ma`nisi sonda, aktsionerlikke o`tiw protsessi respublika xalqının` ken` qatlamları ushın, sonday-aq, shet ellik fizikalıq ha`m huqıqıy shaxslar ushın ashıq bolıwı lazım. Bug`an qımbatlı qag`azlardın` ashıq sawdasın o`tkizip tu`rıw, fond birjasının` xızmetin ken`eytiriw, investitsiya kompaniyaları, investitsiya fondları, agentlik tarawların sho`lkemlestiriw arqalı qımbatlı qag`azlar bazarı infrasistemasın payda etiw arqalı erisiledi.

## 3.6. Ma`mlekettin` ekonomikalıq wazıypalar temasın orta mekteplerde oqıtıw usılları

Bul tema orta mekteplerdin` 9-klasslarında 1-saat ko`leminde o`tiledi.

**I. Tayanısh atamalar**

**1. Qosımsha sırtqı ta`sir** – tovardı islep shıg`arıw yaki tutınıw protsessinde, islep shıg`arıwshı ha`m tutınıwshıdan basqa, u`shinshi ta`reptin` ko`retug`ın payda yaki zıyanı.

**2. Sotsiallıq o`nimler** – bazar usına alatug`ın, ma`mleket ta`repinen islep shıg`arılatug`ın ha`m ma`mleket xalqı ta`repinen paydalanılatug`ın tovar ha`m xızmstler.

**II. Ma`mlekettin` tiykarg`ı sotsiallıq maqsetleri.**

Ha`r qanday eldin` ekonomikası aldında to`mendegi maqsetler turadı:

- **Ekonomikalıq erkinlik** – ekonomika qatnasıwshılarının` o`z betinshe ha`m erkin ekonomikalıq qararlar qabıllawı;
- **Ekonomikalıq n`a`tiyjelik** – minimal qa`rejet jumsap, maksimum payda alıw;
- **Ekonomikalıq ten`lik** – barlıq ekonomikalıq is - ha`reketlerdi a`dil tu`rde a`melge asırıw;

- **Ekonomikalıq qa`wipsizlik** – xalıqtı ekonomikalıq dag`darıs, jarlılıq, jumıssızlıq, infiliyatsiya aqıbetlerinen qorg`aw;
- **Ekonomikalıq o`siw** – tovar ha`m xızmetler islep shıg`arıwdı barg`an sayın asırıw.




**Su`wret-1**

**III. Bazardın` jarlılıg`ı (a`lsizligi)**.

Sonday bir mashqala ha`m wazıypalar bar bolıp, olardı bazardın` o`zi sheshe alamaydı. Sonlıqtan bul wazıypalar ma`mleket moynına ju`klenedi. Bular to`mendegishe: hadal ba`seki ortalıg`ın jaratıw, bazar haqqında mag`lıwmatlar alıwda ha`mmege birdey imkaniyatlar jaratıw, qosımsha sırtqı ta`sirlerdi ta`rtipke salıw, sottsiallıq tovar ha`m xızmetlerdi islep shıg`arıw. El qawipsizligin ta`miyinlew, qorshag`an ortalıqtı qorg`aw, bilimlendiriw, ilim ha`m densawlıqtı saqlaw tarawların rawajlandırıw sıyaqlı qatar sotsiallıq xızmetler bar bolıp, olardı sho`lkemlestiriw ha`m basqarıw ulken qarjı ha`m oraylasqan halda a`melge

asırıwdı talap etedi. Olardan tek birgelikte paydalanıw mu`mkin. Bunnan tısqarı bunday xızmetler na`tiyjesi ha`r dayım da tikkeley payda alıwg`a qaratılg`an boladı. Sonın` ushın da, bul sotsiallıq imkaniyatlardı jaratıw, bazar ekonomikası sharayatında isbilermenlik itibarınan shette qaladı a`m onın` menen ma`mleket shug`ıllanadı.

**IV. Ma`mlekettin` ekonomikalıq wazıypaları.** Joqarıdag`ı pikirlerden kelip shıqqan halda, ma`mleket o`z moynına to`mendegi ekonomikalıq wazıypalardı aladı:

**1. Ja`miyettin` huqıqıy ha`m sotsiallıq tiykarın saqlap turıw**.

Ma`mleket insanlardın` ja`miyette jasawı, miynet etiwine baylanıslı a`m olar ortasındag`ı qatnasıqlardı belgilewshi nızam ha`m huqıqıy normativlerdi ornatadı, nızam aldında ha`mmenin` ten`ligin kepillestiredi ha`m olardı orınlanıwın qadag`alaydı.

**2. Ba`sekini qollap – quwatlaw**. Ma`mleket monopologiyag`a qarsı gu`resedi, ba`sekini qorg`aydı ha`m qollap turadı.

**3. Sotsiallıq o`nimler – tovar ha`m xızmetler menen ta`miyinlew.**

Ma`mleket bazar ta`miyn ete almaytug`ın, lekin ja`miyet ushın kerekli bolg`an a`tirap – ortalıqtı qorg`aw, qorg`anıw, densawlıqtı saqlaw, bilim-lendiriw sıyaqlı tarawlardı tovar ha`m xızmetlerdi islep shıg`aradı ha`m xalıqqa usınadı.

**4. Qosımsha sırtqı ta`sirlerdi ta`rtipke salıw.** Ha`r qanday tovar ha`m xızmetler islep shıg`arıw protsessinin` tikkeley islep shıg`arıwshı ha`m tutınıwshı bolatug`ını belgili. Lekin sonday islep shıg`arıw protsessleri de bar bolıp, olar islep shıg`arıwshı ha`m tutınıwshıg`a baylanıslı bolıp qalmay, ba`lki bul protsesske tikkeley baylanıslı bolmag`an u`shinshi ta`repke de ta`sir etedi. Mısalı, zavod morısınan shıg`ıp atırg`an tu`tin, bull zavodtag`ı o`ndirislik protsesske hesh qanday qatnası bolmag`an, zavod a`tirapında jasap atırg`an xalıqtın` densawlıg`ına ta`sir etedi. Bul jag`day ekonomikada **qosımsha ta`sir** dep aytıladı. Bunday sırtqı ta`sirdi de ta`rtipke salıw ma`mlekettin` moynına ju`klenedi. Eger sırtqı ta`sir unamsız bolsa , onda onın` aldın alıw ila`jları ko`riledi. Eger unamlı bolsa, onda bunı islep shıg`arıw qollap – quwatlanadı. Ma`selen, ma`mleket a`tira – ortalıtı

pataslap, ta`biyatqa unamsız ta`sir ko`rsetiwshi ka`rxanalarg`a jariyma ha`m salıqlar belgileydi, bilimlendiriwdi rawajlandırıp, pu`tkil ekonomikag`a unamlı ta`sir ko`rsetiwshi mekemelerge bolsa finans-lıq jen`illikler beredi.

**5. Da`ramat ha`m baylıqlardı bo`listiriw. M**a`mleket kem ta`miyinlengen shan`araqlardı sotsialllıq qog`aw, bay adamlardan da`ramatlarına ılayıq salıq o`ndiriw, studentlerge stependiyalar beriw arqalı da`ramatlardı bo`listirilistirip turadı.

**6. Ekonomikanı turaqlastırıw.** Ma`mleket infliyatsiyanı qadag`alap barıw, jumıssızlıqtın` aldın alıw, ma`mleket byudjeti ha`m pul ko`lemi baqlaw menen ekonomikanı ten`salmaqlılıqta saqlar turadı.

**V. Bilimin`izdi sınap ko`rin`!**

1. Eldin` ekonomikası aldında: qanday sotsiallıq maqsetler turadı?
   Olardı tu`sindirin`.

2. Ma`mlekettin` ekonomikanı ta`rtipke salıp turıwshı wazıypaları haqqında nelerdi bilesiz? Ne sebepten ma`mleket bull wazıypalardı o`z moynına aladı?

3. Ma`mlekettin` ekonomikalıq wazıypalardı orınlawg`a` qaratılg`an xızmetine mısallar keltirin`.

4. Unamlı ha`m unamsız qosımsha sırtqı ta`sirge mısallar keltirin`.

**VI. Bilesiz be?** Ma`mlekettin` ekonomikada tutqan ornı haqqında ha`r tu`rli bir – birine qarama – qarsı pikirler bar. Birinshi ta`reptin` pikirinshe, ma`mlekettin` roli keskin qısqartılıwı kerek, sebebi ma`mlekettin` ekono-mikag`a kereginen artıq aralasıwı ekonomikalıq erkinlikti sheklep qoyıwı mu`mkin. Ekinshi ta`rep ma`mlekettin` rolin asırıw ta`repdar. Sebebi sonday mashqalalar bar bolıp, bazar olardı ma`mlekettin` qanasıwısız sheshe almaydı.

**VII. Bunı este saqlan`!**

- Ha`r qa`nday eldin` ekonomikası aldında: ekonomikalıq erkinlik, ekonomikalıq na`tiyjelik, ekonomikalıq ten`lik, ekonomikalıq qa`wipsiz-lik ha`m ekonomikalıq o`siw maqsetleri turadı.
- Ma`mlekettin` bazar ekonomikasının` jarlılıg`ınan ju`zege keletug`ın mashqalalardı sheshiwdi o`z moynına aladı.

**VIII. Jedellestiriwshi sraw ha`m tapsırmalar.**

Joqarıdag`ı su`wret-1 te ma`mlekettin` tu`rli xızmetlik bag`darları ko`rse-tilgen.

1. Ma`mlekettin` ha`r bir xızmetlik bag`darlarına mısa keltirin`.

2. Keltirilgen mısallarının`ızdag`ı ma`mlekettin` ekonomikalıq wazıypaların, za`ru`rlik da`rejesinin` kemeyip barıw ta`rtibinde jazıp shıg`ın`.

3. Ma`mlekettin` bull wazıypalardı orınlawdan sizge qanday payda bar? Pikirin`izdi tiykarlan`.

4. Ne sebepten sol ma`mleket bull xızmet tu`rleri menen shug`ıllanıwı kerek?

5. Ma`mlekettin` ja`ne qanday ekonomikalıq wazıypaların bilesiz?

## Juwmaq ha`m usınıslar

Bazar ekonomikasında ba`seki tiykarg`ı ta`rtipke salıwshı mexanizm esaplanadı. Bul islep shıg`arıwshılar ha`m resurslardı jetkizip beriwshilerdi o`zine boysındıratug`ın birden - bir ku`sh bolıp tabıladı. Bazar sistemasına boysınatug`ın islep shıg`arıwshılar ba`seki na`tiyjesinde payda alıwdı jobalastıradı. Kim bul nızamdı buzsa, zıyan ko`redi ha`m aqıbette birotola inflyatsiyag`a ushırawı mu`mkin. **Ba`seki sharayatında tutınıwshı - iyesi, bazar – onın` ta`miyinatshısı (agenti), ka`rxana bolsa, onın` xızmetkeri esaplanadı.**

Monopoliyanın` o`siwi bul wazıyattı tez arada o`zgerttiredi. Monopoliya ba`seki ornın alar eken, satıwshılar bazarg`a ta`sir qılıw mu`mkin yaki o`zlerinin` paydalarınan kelip shıkqan halda bahalardı asırıw arqalı ma`mleketke zıyan alıp keledi.

Sol sebepli de ma`mleket monopoliyanı sheklew ha`m ba`seki ortalıg`ın jaratıwı za`ru`r. Bul wazıypa monopoliyag`a qarsı nızamlarg`a tayanılg`an halda alıp barıladı. O`zbekstan Respublikasında bul wazıypanı a`melge asırıw «**Monopoliyadan shıg`arıw, ba`seki ha`m isbilermenlikti qollap quwatlaw»** ma`mleket ko`miteti moynına ju`letilgen .

Monopollasıwg`a qarsı gu`res maqsetlerinde monopol ka`rxanalar reestri du`ziledi. Bunda monopol ka`rxanalar ta`biyiy monopoliya ha`m ta`biyiy monopoliya esaplanbag`an ka`rxanalarg`a bo`linedi. Ta`biyiy monopol bolmag`an ka`rxanalardı monopoliyadan shıg`arıw is - ila`jları ko`riledi.

Monopoliyadan shıg`arıwdın` jolları to`mendegiler:

1. Monopolist ka`rxana bir neshe kishi ka`rxanalarg`a bo`linip jiberiledi.
2. İsbilermenlikti rawajlandırıw, usı jo`nelistegi ka`rxanalardı sho`lkemlestiriwdi xoshametlendiriw menen ba`sekishiler qa`liplestiriledi.

Ta`biyiy monopoliyalar ob`ektiv sha`rt - sharayatlarg`a ko`re monopol bolıwı za`ru`r, yaki monopoliyadan shıg`arıw ila`jsız bolg`an ka`rxana yaki tarawlar.

Ta`biyiy monopolist ka`rxanalar o`z mumkinshiliklerinen paydalanıp o`nimi ha`m xızmetleri bahasın tiykarsız ko`terip jiberiwlerine jol qoymaslıq ushın olarg`a

rentabelliliktin` joqarı shegerası belgilenip beriledi.  Bul shegeranı buzg`an ka`rxanag`a finanslıq jaza sharaları qollanıladı.

**Ma`selen**, bul shegera 20 protsent dep belgilengen bolsın. Ka`rxana o`nimi bahası 10000 sum bolg`anı jag`dayda onı 13000 sumg`a satsa belgilengen normalıq shegeranı buzg`an esaplanadı. Sebebi ka`rxana 20 protsent emes ba`lki 30 protsent norması da`rejesinde u`steme belgilep atır.  Sol sebepli artıqsha esaplang`an 1000 sum (13000 - 12000) ma`mleket ıqtiyarına alınadı ha`m monopolist ka`rxanag`a qosımsha finanslıq jaza da qollanıladı. Ma`mleket bul jol menen tutınıwshılar huqıqların qorg`aydı. Eger o`nim bahası ka`rxanag`a baylanıslı  bolmag`an sebeplerge ko`re asıp ketken bolsa ha`m bul sıpatlansa nızam talabları buzılmag`an esaplanadı. Ba`seki ortalıg`ın jaqsılaw, isbilermenlikti qollap - quwatlaw maqse-tinde ma`mleket mu`lki menshiklestiriledi. Mu`lkti ma`mleket iyeliginen (tasarrufidan) shıg`arıw ha`m menshiklestiriw «**Ma`mleketlik Mu`lk ko`miteti**» ta`repinen a`melge asırıladı. Bunda ma`mleket mu`lkin tikkeley bir qa`rıydarg`a satıw, investitsiya kiritiw ma`jburiyatın alıp beypul iyeligine beriw, basqıshpa - basqısh bahasın tu`sirip satıw, aktsionerlestiriw sıyaqlı usıllar qollanıladı. Eger respublikamızda menshiklestiriwdin` da`slepki basqıshında u`y - jay fondı,  sawda ha`m xızmet ko`rsetiw ob`ektleri ha`m mahallalıq sanaat ka`rxanaları jeke shaxslarg`a satılg`an bolsa, keyingi basqıshta orta ha`m ulkenlirek ka`rxanalardı aktsionerlestiriw jolı menen ma`mleket iygiliginen shıg`arıwg`a kirisiledi.

Menshiklestiriw na`tiyjesinde bir rentabel emes yaki kem payda ko`rip islep atırg`an ka`rxana ornına ko`plep jan`a ka`rxanalar payda bolmaqta. İnvestitsiya kiritiw ma`jburiyatı menen ma`mleket mu`lkin menshiklestirip alg`an mu`lk iyeleri investitsiya kiritip, bul mu`lkti iske tu`sirip o`nim islep shıg`arıwdı jolg`a qoyadı.

İsbilermenlikti rawajlandırıwdı ma`mleket ta`repinen qollap – quwatlaw, sonday-aq olardın` huqıqların qorg`aw arqalı da a`melge asırıladı. O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` 2005-jıl 5-oktyabrde qol qol qoyg`an «**İsbilermenlik sub`ektlerin tekseriwdi ja`nede qısqartıw ha`m onın` sistemasın klassifika-tsiyalaw is - ila`jları tuwrısında**» g`ı Buyrıg`ın qadag`alawshı organlardın`

isbilermenlik sub`ektleri xızme-tine aralasıwın sheklew, olardın` huqıqların ma`mleket ta`repinen nızam-lılıq kepillik beriwdi ku`sheyttiriwge bir mısal boladı.

Ma`mlekettin` ekonomikalıq funktsiyaları ko`p ha`m ha`r turli. Ma`mleket-tin` tiykarg`ı ekonomikalıq funktsiyaları kelesilerden ibarat:

**Birinshiden**, ma`mlekettin` ayırım ekonomikalıq wazıypaları bazar sistema-sının` rawajlanıwın jen`illestiriw ha`m qollap - quwatlaw maqsetine iye. Bul tarawda ma`mleketin` to`mendegi eki funktsiyasın kiritiwimiz mu`mkin:

1. Bazar sisteması na`tiyjeli xızmet ko`rsetiwin ta`miyinleytug`ın huqıqıy baza ha`m sotsiallıq ortalıqtı ta`miyinlew;

2. Ba`sekini qorg`aw.

**Ekinshi** guruppa wazıypaların orınlaw ushın ma`mleket to`mendegi u`sh funktsiyanı orınlaydı:

1. Da`ramat ha`m baylıqlardı qayta bo`listiriw;

2. Milliy o`nim quramın o`zgerttiriw maqsetinde resurslar bo`listiriliwin ta`rtipke salıw;

3. Ekonomikanı turaqlastırıw, yag`nıy, ekonomikalıq kon`yukturanın` o`zgeriwshen`ligi na`tiyjesinde payda bolatug`ın jumıssızlıq ha`m inflyatsiya da`rejelerin qadag`alawdı ha`mde ekonomikalıq o`siwdi xoshametlendiriw.

Ma`mlekettin` ma`mleket ekonomikasına aralasıwı makroekonomikalıq siyasat arqalı a`melge asırıladı. Bul siyasattı ju`ritiwde negizinen to`mendegi qurallardan paydalanıladı:

1. Byudjet;

2. Pul-kredit;

3. Dotatsiya;

4. Subventsiya;

5. Subsidiya;

6. Salıq mexanizmi;

7. Shegeralang`an bahalar ha`m basqalar.

Ma`mleket byudjet qa`rejetlerin (ma`mleket qa`rejetleri ha`m transfort to`lewleri) ko`beyttirw yaki qısqarttırıw arqalı ma`mleket ekonomikasına aralasadı.

## Paydalanıwg`a usınılatug`ın a`debiyatlar


1. Karimov İ.A. «Erishilgan marralarimizni mustahkamlab isloxotlar yullari izlab borish – asosiy vazifa», Xalk suzi 2004 y. 10 fevral.
2. Karimov İ.A. «Uzbekiston XXI asr busag`asida xavfsizlikka taxdid barkarorlik shartlari va tarakkiyot kafolatlari» T.: «Uzbekiston», 1997
3. İ.A.Karimov. Uzbekiston iktisodiy isloxotlarni chukurlashtirish yulida. T. 1995 y. 13-29, 188-288 betlar.
4. İ.A.Karimov. Uzbekiston XXI asrga intilmokda. T. 1999 y. 36-37 betlar.
5. İ.A.Karimov Uzbekiston bozor munasabatlariga utishning uziga xos yuli. T. 1993 y. 55-57 betlar.
6. Sh.Shodmonov İktisodiet nazariyasi T. 2002 y. 21-bob, 352-364 betlar.
7. N.Beknazov, Yu.K.Yuldoshev Bozor iktisodieti nazariyasi. T. 1993 y. 8 mavzu.
8. Axmedov D.K. İrmatov M, Shibarshova L.İ. Makroekonomika, Toshkent-Bishkek Venskaya shkola, 1999
9. Axmedov D.K., İshmuxamedov A.E., Jumaev K., Djumaev Z.A. «Makroiktisodiyot» darslik. T.:TDİU. 2004
10. İshmuxamedov A.E., Jumaev K., Djumaev Z.A. «Makroiktisodiyot» Ma`ruzalar matni.Toshkent TDİU – 2000
11. Xakimova M.A.. «Makroiktisodiyot». T.: «Mexnat». 1997.
12. Yuldoshev Z., Kosimov M.S. «Makroiktisodiyot asoslari». T.: Ukituvchi. 1994
13. Xamdamov K. Maxmadiev U. «Mikroiktisod» -T.: 2000


## İnternet mag`lıwmatları


1. Novosti Uzbekistana. www.uzreport.com
2. «Jahon Banki» ma`lumotlari. www.wordbank.org
3. “Evropa tiklanish va tarakkiyot banki” ma`lumotlari www.ebrd.org
4. «Xalkaro valyuta fondi» www.imf.org ma`lumotlari.

Kak Zapad stal bogatim www.contr-tv.ru1